№6 (19890) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

16 февраль 2024 с. рузман

ДАНДЕЛЪИ

## БакIал раялъулъ гIадлу букIине ккола




ГIадамазе гIумру гьабиялъе санагIаталлъун кин гьарилел нилъер шагьарал? Гьеб суалалъе жаваб балагьиялъул мурадалда, «Россия – дир тарих» абураб парк-музеялда тIобитIана данделъи. Гьелда гIахьаллъана ДРялъул бетIер Сергей Меликовги, жамгIиял хIаракатчагIиги, СМИязул вакилзабиги. Конференциялда бицана бакIал раялъул рахъалъ муниципалитетазул цебетIеялъулги, шагьарал раялъулги, шагьар баялъул низам хвезабиялъухъ букIунеб тамихIалъулги хIакъалъулъ.

(Хадусеб 2-аб. гьумералда)

ЮБИЛЕЙ

## Россиялъул гIелмуялъ - 300 сон



Дагъистаналда бугеб Федералияб цIех-рехазул централда (ДФИЦ) кIодо гьабуна РАНалъул 300-сонилаб байрам.

Тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, гьесул заместитель Муслим Телякавов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул гIелмуялъул ва лъай кьеялъул комиталъул председатель Елена Павлюченко, ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаев ва ДФИЦалъул директор Ахъай Муртазаев.

(Хадусеб 2-аб. гьумералда)

ХЪИЗАМ

М. МухIамадгIалиев:
**«Рокъоб гIадаб хинлъи дида батичIо»**



4 гьум. >>>

ТАЛИХIАЛЪУЛ КIУЛ

АхIмад Хизриев:
**«КечI-бакъаналдаса дун рикIкIалъана»**



9 гьум. >>>

ЗАМАНАЛЪУЛ ГЬОКО

**Сардилъ бахъараб ахIи**



12 гьум. >>>

# БакIал раялъулъ гIадлу букIине ккола

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

Данделъи нухда бачарав С. Меликовас кIвар буссинабуна Дагъистаналъул шагьаразда минабиги капиталияб бакIалги раялде. ТIоцебесеб иргаялда тIуразаризе тIадаллъун гьес рехсана ракьал пайдаялъе хIалтIизариялъулги изну гьечIого бакIал раялъулги масъалаби. Масала, росдал магIишаталъул ишазе яги жамгIияталъе хIажатал бакIал раялъеян тарал ракьазда гIадамазе минаби яги коммерциялъулал бакIал рай гьес рикIкIана пуланал чагIи бечелъиялъе батулеб ва ришватчилъиялъе квербакъулеб нухлъун. ДРялъул бетIерас рехсана гьадинал хIужабиги: бакIал раялъул низамги хвезабун, республикаялда бан буго 457 гIемертIалаяб мина (408 – МахIачхъалаялда). *гIуцIабигун жамгIиятчагIиги»*, - ян абуна **С. Меликовас**.

Гьес бицана гIемерав чияс гIарацги кьун ралел гIемертIалаял минабазул хIакъалъулъги. Гьесул пикруялда рекъон, «светофоралъул» кьерал гIадин гIуцIизе ккезе буго застройщиказул сияхI. «Масала, гIурччинаб кьералъ хъвазе ккола законалъул тIалабазда рекъон кинабго хIалтIи гIуцIулел застройщикал. ТIогьилаб кьералъ – мина базе ихтияр кьураб документ кодоб бугел, амма гIадамаз рукъалъухъ кьураб гIарац хасаб счеталде рехуларел, ай налогазул идарабаздаса бальго гьарулел застройщиказул цIарал. БагIараб кьералъ – кинабгIаги гIадлу-низам цIунуларел застройщиказул цIарал. Гьеб сияхIги гIадамазухъе щолеблъун букIине ккола», - ян абуна гьес.



ГIемертIалаяб минаялъул рукIине ккола хадусел документал: пуланаб ракьалда мина базе кьураб ихтияр, проекталъулгун сметаялъул документал, экспертияб пикру.

МахIачхъалаялдаги Каспийскиялда гьоркьор ругел ракьазда рарал бакIазул гIадлу гьечIо. Рекъулел ва жамгIиял бакIал раялъе рекъонкколел ракьал хIалтIизариялъул рахъалъ гIадлу гьабиялъул мурадалда гьоркьиса сентябралда республикаялда гIуцIана пачалихъияб комиссия.

Гьелда тIадаб буго изну гьечIого бакIал раялъул ва ракьал хIалтIизариялъул масъалаби тIуразаризе. 2020 соналъул ахиралда кьабул гьабуна Шагьар баялъул кодексалда хиса-басиял гьариялъул хIакъалъулъ федералияб закон. Гьебги кьочIое босун, Дагъистаналдаги хIалтIизабизе буго ракьазул цадахъаб цебетIеялъул программа (комплексное развитие территорий – КРТ). КРТялда рекъон, пуланаб бакI балеб мехалда хIисабалде росизе ккола киналго шартIал: гIадамаз гIумру гьабулеб мина, гьезие хIухьбахъиялъе бакI, сверухълъи санагIатаблъун гьаби. *«Пуланаб ракьул бутIа бакI баялъе бихьизабиялъулъги, гьеб базе ихтияр кьеялъулъги, бараб минаялда рукъзал ричиялъулъги гIахьаллъизе ккола муниципалитетазул нухмалъиги, бакIал ралел идарабиги ва жамгIиял*

ДРялъул ралел бакIазул, архитектураялъул ва ЖКХялъул министрасул ишал тIуралев Александр Нестеровас бицана ралел минабазда рукъзал ричулаго, законалда рекъонккоралел къагIидаби хIалтIизариялъул хIакъалъулъ. *«2019 соналде щвезегIан хIалтIизабулаан ЖСК (жилищно-строительный кооператив). 2019 соналда № 214-ФЗ федералияб законалда хиса-басиял гьарун хадуб гьеб къагIида законияб гуреблъун лъугьана. Амма намус биларал застройщиказ, гьеб къагIидаги хIалтIизабун, гIадамал махсараде кколел руго. Гьедин босараб рукъалъул бетIергьан пуланав чи кколевлъи тасдикъ гьабизе захIмалъула»*, - ян бицана гьес.

ГIемертIалаяб минаялъул рукIине ккола хадусел документал: пуланаб ракьалда мина базе кьураб ихтияр, проекталъулгун сметаялъул документал, экспертияб пикру.

БакIал ралаго дандчIвалел гIунгутIабазул хIакъалъулъ бицана прокуратураялъул управлениялъул начальник Сергей Шкаевасги.

Дандеруссиналъул ахиралда гьелда гIахьаллъараз жавабал кьуна журналистазул суалазеги.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

## Россиялъул гIелмуялъ - 300 сон

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

ДРялъул хIукуматалъул председатель ГI. ГIабдулмуслимовас гIалимзабазда баркана Россиялъул ГIелмабазул академиялъул 300-сонилаб байрам ва бицана улкаялъулги республикаялъулги цебетIеялъе гIелмуялъул бугеб кIваралъул хIакъалъулъ. Цинги пачалихъиял шапакъатал кьуна цо-цо гIалимзабазе ва хадуб тIоритIана гIелмиял сессияби.

РАНалъул ДФИЦалъул директорасул заместитель АхIмад Биарслановас гьадин бицана: «Физикаялъул, математикаялъул ва Дагъистаналъул халкъазул тарихалъул, гьединго археологиялъулгун мацIазулги адабияталъулгун халкъияб кIалзул гьунаралъулги ва Дагъистаналъулгун Севернияб Кавказалъул искусствоялъул цIех-рехал гьариялъул рахъалъ Дагъистаналъул гIалимзаби руго цебесеб кьерда. Нилъер гIалимзабаз аслияб хIаракат буссинабун буго фундаменталияб гIелму цебетIезабиялде. Гьарула гьез регионалъул социалиябгун экономикияб цебетIеялъе квербакъулел гIелмиял цIех-рехалги», - ян.

ДФИЦалда гьорлъе уна Дагъистаналда бугеб микьго гIелмияб идара. Гьенив вуго 700-гIанасев гIалимчи: гIелмабазул 66 доктор ва 197 кандидат. ДФИЦалъул ункъо хIалтIухъан вуго Россиялъул ГIелмабазул академиялъул хIакъикъияв членлъун.

Дагъистаналъул гIалимзабазул макъалаби рахъула гIелмиял журналазда, гьел гIахьаллъула федералиялги регионалиялги грантазе гIоло тIоритIулел гIелмиял къецазда. ГьабсагIаталда гьез гIумруялде бахъинабулеб буго 20 грант: РФялъул президентасул - цо, Россиялъул ГIелмияб фондалъул - 10, ДРялъул бетIерасул - анкьго ва ХIажи МахIачевасул фондалъул - кIиго.

*МадихIат ХIАЖИЕВА*

## Визабазул базар сабаблъун

**12 февралалда Румыниялъул тахшагьар Бухаресталда байбихьана эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионат.**

**Гьелда гIахьаллъизе Россиялъул тIаса бищараб командаялда гьоркьор рукIана Къурбан Шираевги, Заур Угуевги, ХIажимурад Рашидовги, ГIабасхIажи МухIамадовги, Артур Найфоновги, Артур Баевги, ГIабдулрашид Садулаевги ва ДжабрагIил ГIалихановги.**




Амма Бухаресталде инелъун нухда хIетIе лъун рукIарал гIолохъабазул бащдазе гурони виза кьечIо Румыниялъул Москваялда бугеб вакиллъиялъ. Виза щвечIезда гьоркьор рукIана ГIабдулрашид Садулаевги, Заур Угуевги, Къурбан Шираевги. ТалихIалъ, чемпионат байбихьараб 12 февралалъул къасиялде лъана ГIабдулрашидие виза щвараблъи. Амма Заур Угуевги Къурбан Шираевги гьенире риччачIо.

Эркенаб гугариялъул рахъалъ федерациялъул нухмалъулев Михайил Мамиашвилица бицухъе, гьединал жал цере-цереги ккун рукIун руго. Масала, Къурбан Шираевасе кIиабилеб нухалдаги нух къана Европаялъул чемпионталде.

Бухаресталда тIобитIараб чемпионаталъул хIасилазул нижеца бицина газеталъул хадусеб номералда.

*Ашахан ЮСУПОВ*

## Лъим ялъуни квен

**Казбек районалъул Дилим росулъ бугеб цо кафеялда кванан хадур, чехь-бакь унтиялъул гIарзалгун гIадамал больницаялде рачIине байбихьана. Хадусел къоязда унтаразул къадар цIикIкIана. ЦIех-рех гьабидал лъана жидецаго гьабураб майонез гьорлъ бугел бургералги пиццабиги гьез кванан рукIин.**

Росдал гIадамаз абулеб буго, ахираб заманалда бараб гIаздал лъим бацIцIадаб лъеда гьорлъе ккедалги батизе бегьулин унтиялъе гIиллайин абун.

Райадминистрациялъул информациялъулаб централъул хIалтIухъабаз бицана лъеца батилин абураб хабаралъул бицен букIинчIин, кванда бараб бугин абунин районалъул нухмалъиялъул гIахьаллъигун тIобитIараб данделъиялда.

Гьениб райбольницаялъул бетIерав тохтур Рашид Амиевас абуна чехьги унтун больницаялде цо-цоял рачIиндал, рокьо-рокьоре унги унтарал ругищали жидеца халгьабунин абун.

ГьабсагIаталде гьарурал халгьабиязда рекъон, чIезабураб диагноз буго сальмонеллез (гьеб ккола бактериязда лъун лъугьунеб инфекциялъулаб унти. Аслияб къагIидаялда чехь-бакь унтула).

*ПатIимат МУХIАМАЕВА*

## Рищиял

# Щивав чияс гъабизе ккела гIахьаллъи

**«Россиялъул гражданин рищиязда гIахьаллъи буго гьес жиндиего бокьун гьабулеб иш. Гьесда рищиязда гIахьаллъи тIадаблъун гьабизе ялъуни гьесул гьенив гIахьаллъунгутIи гьукъизе лъилниги ихтияр гьечIо». (2002 соналъул 12 июналда бахъараб №67 законалъул 3-абилеб статьяялдаса).**

Гъоркьиса декабралда бахъараб РФялъул Федералияб Собраниялъул Советалъул хIукмуялда рекъон, Россиялда лъазарун руго улкаялъул президентасул рищиял. Гьезде хIадурлъулел руго нилъер республикаялъулги пачалихъиялгун жамгIиял гIуцIабиги. Кинаб батIалъиха бугеб цере рукIаралги гьанже ругелги рищиязда гьоркьоб?

ТIоцебесеб иргаялда, 2020 соналда къабул гьабураб законалда рекъон, рищиял тIоритIизе руго цо къоялъ гурел, лъабго къоялъ, ай 15, 16 ва 17 марталда. Гьелъ рес кьезе буго кIванагIан цIикIкIун чияс президентлъиялде кандидатура лъуразе гьаракь кьезе.

КIиабизе, жидеца гIумру гьабулеб, хъвай-хъвагIай бугеб бакIалда гуребги, жалго гьеб заманалда руге бакIалдаги гьаракь кьезе рес буго. Гьелъие рес кьола рикIкIадасан, ай электрониябгун гьаракь кьезе тIадехун рехсараб законалъ бегьизабун ва гьеб гIумруялде бахъинабулеб къагIида тасдикъ гьабун букIиналъ. «Мобильный избиратель» абураб программаялда рекъон хIалтIизе руго ДагъистаналДа рищиязде хIадурун ругел 54 бакIалъулаб ва 1862 участкабазул рищиязул комиссиял. Электрониябгун гьаракь кьей гIумруялде бахъинабизе хIалтIизарулел руго МФЦялъул идарабиги. Избирательниял участкабазул комиссиязул хIалтIулъ гIахьаллъи гьабулеб буго кинабниги анлъазарго чияс.

ДРялъул рищиязул комиссиялъул баяназда рекъон, 1862 избирателазул участкабазул 137-ялда хIалтIизаризе руго гьаракь кьуразул бюллетенал рикIкIун, хIасил гьабун, мухIканал баянал кьолел комплексал. Цогидал участкабазда - рехарал бюллетеназул хIисаби гьабун, избирателазул участкабазул протоколал хъвала, хIажатал гъулбасалги гьарун.

Гьединго рищияздаса рищиязде цIикIкIунел руго гьаракь кьолезул беразда бихьулеб къагIидаялда иш гIуцIиги. Гьал рищиязда гьединал видеоял рукIине руго 688 избирательниял участкабазда. Рищиязда хIалтIизаризе ругел бюллетеназда, гьел хисун, жидеего дандекколел гьариларедухъ, седезе руго хасал маркаби.

Избирательниял участкабазул баянал жиндир заманалда гIадамазухъе щвезариялъул мурадалда,




22 январалдаса хадуб унеб буго информациялъулал алатазул хIалтIухъаби гьезда хадур рухьинариялъул иш. РукIине ругел рищиязда хурхарал баянал гIадамазда лъазариялъе гIоло, республикаялъул шагьаразул къватIазда чIван руго 400-ялдаса цIикIкIун рекламаялъул гIаламатал. Исана 17 февралалдаса байбихьун 7 марталде щвезегIан, жидеца гьаракь кьезе бугезда лъазабизе буго кида, киб ва кинаб къагIидаялда президент вищиялъул рищиязда гьаракь кьезе бугебали. Гьел баяназда гьоркьор рукIине руго рищиязде ахIи ва президентлъиялде кандидатураби лъуразул сияхI.

Улкаялъул тарихалда кIвар цIикIкIараб лъугьа-бахъин гуребги, щивав чиясул гIумруялъеги гIезегIан асар гьабулеб иш бугелъул, «дидаги хъваге, хъванги тIувагеги» абураб магIнаялда ратIатIун чIечIого, гьениб жигараб гIахьаллъи гьабизе нилъеда тIадаб буго.

***З. ИЛЬЯСОВ,***
***республикаялда президентасул рищиял тIоритIиялда бан гIуцIараб жамгIияб штабалъул эксперт***

## Баян

# Газ бачине буго чIобого

**Социалиял бигьалъаби щолеллъун рикIкIуна ветеранал, инвалидал, лъимал гIемерал хъизамал, чиякъго хутIарал пенсионерал, СВОялъул гIахьалчагIи ва гь. ц. Гьединазул сияхI букIуна щибаб муниципалитеталъул социалияб рахъалъ гIадамал хьезариялъул идараялда.**



Дагъистаналда бугеб «Газпром межрегионгаз Махачкала» ООО-ялъул баяналда рекъон, тIадехун рехсарал ва жидеца гIумру гьабулеб ва гьенибе цебеккун газ бачун бугеб росулъа гIадамазул минабахъе газ бачине хIажатаб къайи-алат босизеги газалъул мухъ бачинеги харж гьабураб гIарац бецIизе буго пачалихъалъ. Жиндие бигьалъи гьабизе тIадав чиясул цо минаялде бачуна газ чIобого, ай гьеб бачунаго харж гьабураб гIарцул 100 азарго гъурущ бецIула. Гьеб бецIизе буго 2022 соналъул 21 сентябралда РФялъул президентас тасдикъ гьабураб «Об объявлении частичной мобилизации» абураб № 647 указалда рекъон, Россиялъул Рагъулал къуватазда хъулухъ тIубалел дагъистаниязеги.

ГIарац бецIеян абун, хитIаб гьабизе ккола МФЦялде яги Госуслуги порталалде, ялъуни бакIалъулаб социалияб хъулухъалъул управлениялде.

Социалияб бигьалъи гьабеян хъвараб хитIабалда цадахъ рукIине ккола гьадинал документал:

– паспорталъул (яги мун щив чи кколевали тасдикъ гьабулеб цогидаб документалъул) копия;

– социалияб бигьалъи дуе кколеблъи тасдикъ гьабулеб документалъул копия;

– минаялде газ бачине хIажатаб алаталъухъ харж гьабураб гIарцул документал (чекал).

Минаялде газ бачеян абурал хитIабал къабул гьарула республикаялъул шагьараздагун районазда ругел газалъул 39 хъулухъалда ва МФЦялъул 43 филиалалда. ХитIаб гьабизе бегьула Газификациялъул цогояв операторасул ва Госуслуги сайтаздасан.

Дагъистаниязе рехсараб бигьалъи гьабиялъул мурадалда, 2022 соналъул анлъабилеб апрелалда ДРялъул хIукуматалъ къабул гьабун буго хасаб № 69 хIукмуги: «Об утверждении порядка предоставления меры социальной поддержки в виде единовременной денежной выплаты на оплату расходов, связанных с приобретение, установкой внутридомового газового оборудования и проведением газопровода внутри земельного участка, отдельным категориям граждан, проживающих в Республике Дагестан».

МухIканаб баян батила гьаб сайталда: **https://dagmintrud.ru/ press/ 55072.**

## Рагьараб дарс

# «РекIел чIагояб ракIалдещвей»

Гьединаб цIар кьураб рагьараб дарс бихьизабуна Болъихъ районалда, Афгъанистаналдаса аскарал нахъе рачаралдаса 35 сон тIубаялъул хIурматалда тIобитIараб тадбиралда.

Афгъанистаналда ккарал лъугьа-бахъиназул бицараб дарс кьуна АнсалтIа росдал школалда.

Тарихалъулгун ракь лъазабиялъул музеялда тIобитIараб дарсиде рачIун рукIана районалъул нухмалъулесул заместитель МуртазагIали НурмухIамадов, районалъул лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулесул ишал тIуралев Мурад Рамазанов ва Афгъаналъул рагъул гIахьалчагIи-ветеранал.

***П. МУХIАМАЕВА***

## Барки



16 февралалда 45 сон тIубала Казбек районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев гьавуралдаса. Районалъе нухмалъи гьабулаго, гьесухъа бажарулеб буго гьелъул социалиябгун экономикияб цебетIеялъулъ ракIчIарал галаби лъезе. Чанго миллаталъ гIумру гьабулеб бугониги, гьезда гьоркьоб цIунун буго хIажат ккаралъуб цоцазе хIалае рахъине рес кьолеб бичIчIи буголъи. ГIадамазул социалияб рахъ лъикIлъизабиялде кьолеб буго кIвар. Районалда лъикIаб бербалагьи гьабулеб буго «ХIакъикъат» газеталъе подписка гьабиялде.

Жакъа Украинаялда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда нуснус казбекалъулас бахIарчиго гIахьаллъи гьабулеб буго. Гьеб буго нахъбакIалъулазул ватIаналде бугеб кидагосеб рокьул гIаламат.

**«ХIакъикъат» газеталъул редакциялъ ХIажимурадида баркула гьавураб къо ва гьарула щулияб сахлъигун хIалтIулъ бергьенлъаби.**

***РЕДАКЦИЯ***

## Къокъго

«ЧIикIаб – МахIачхъала – Каспийск» абураб магистралияб лъел мухъалъул буго анлъго бутIа. ГьабсагIаталда хIалтIи унеб буго гьелъул щуабилеб бутIаялда. Лъел мухъ бачунеб буго ЦIияб Хушеталдаса Каспийскиялде.

Февралалъул бащалъиялде, экспертаз хIукму гьабун бахъани, хIалтIи байбихьизе буго рехсараб лъел мухъалъул лъабабилеб (насосазул станциялдаса Агъачаулалде щвезегIан) ва ункъабилеб (Агъачаулалдаса ЦIияб Хушеталде) бутIабазда. Цадахъго хIадурулеб буго кIиабилеб бутIаялъул документалги.

* * *

Гъоркьиса нилъер республикаялда ракIарун руго гIураб къадаралда овощалгун пихъ. Ва гьезул хIадур гьарун руго батIи-батIиял нигIматал. Пихъилгун овощазул бакIарун буго кинабниги 3262 тонна. Цебесеб соналде дандеккун гьелъул къадар цIикIкIун буго 32 проценталъ.

Гьеб киналъулго бицунаго, ДРялъул хIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас абуна, гьелдаго цадахъ Дагъистаналда хIалтIизе биччан бугила чанго батIияб инвестициялъулаб проектгиян. Гьелъул хIасилалда сокал, пюре ва нектарал хIадур гьарулел заводал разе руго.

Гьелдаго цадахъ цоккураб хIалалда чIун гьечIо гIияхъабигун боцIухъабиги. Гьезги хIаракат бахъулеб буго гIи-боцIул къадар цIикIкIинабиялъе.

***Ашахан ЮСУПОВ***

## М. МухIамадгIалиев:
# «Рокъоб гIадаб хинлъи дида батичIо»

**Россиялъул регионазул нухмалъулезул столаздаги, квералъ гьарурал тIагIалаби ричулел тукабаздаги, къватIисел улкабазул музеяздагун выставкабаздаги гIемер рихьула Дагъистаналдаса букIин лъалеб, ансадерие хасиятаб накъищалъул, хIалтIул камиллъиялъ кверги берги тIаде цIалеб тIагIел-алат. АскIоре ун халгьабидал, гьел ратула цIулада ишан чIваялъул устар, ДРялъул мустахIикъав художник, Унсоколоса МухIамадгIали МухIамадгIалиевасул хIалтIаби.**

**ЦIулада ишан кьабиялъул, гIарцул, цIулал тIагIелал гьариялъул рахъалъ Унсоколо район гIадин цебетIураб бакI букIинчIин абула. Гьениб букIана комбинатги, 300 чиясе хIалтIизе бакIги, ричизе устарзабаз гьарурал тIагIелалги. Амма ахираб заманалда гьеб устарлъи билизе, биххизе тун буго, ва МухIамадгIалил хъизам гурони, гьабсагIаталда гьеб хIалтIуде машгъуллъарав чи гьечIо.**

Москваялде, Хъизамалъул лъагIел рагьиялъул тадбиралда гIахьаллъизе араб гьесул хъизамалъ, гьадин бицана редакциялде гьоболлъухъе щведал:

- Россиялъул президентасул бихьизабиялда рекъон, 2024 сон Хъизамалъул лъагIеллъун лъазабун буго. Хъизамалъул гьабулеб къимат цIикIкIине, гьелде кIвар кьеялъе гIоло лъазабураб сон рагьиялъул тадбир букIана 23 январалда, Москваялда. «ГIагарал-хириял» абураб форумалъ байбихьи лъуна гьелъие. Форумалда гIахьаллъи гьабизе рес щвана Дагъистаналдаса лъимал гIемераб чанго хъизамалъеги. Гьезда гьоркьор рукIана нижги Хъазанбиевазул хъизамги.

Нижеца Дагъистаналде бачIана Хъизамалъул сон рагьиялъул гIаламат – «Хъизамалъул чирахъалъул цIа» лампада. **(Гьелъул хIакъалъулъ нижеца цебесеб номералда хъван букIана – авт.)**.

Дагъистаналдаса наслабаз наслабахъе устарлъи кьолел хъизамал хIисабалда нижги Куртаевазул (Кубачиялдаса художник, меседил тIагIелал гьариялъул устар – авт.) хъизамги букIана гьениб. Лекториялъул залалда гьезги нижецаги бицана нижго ругьунлъараб махщалилги Дагъистаналъулги хIакъалъулъ.

«Знание» абураб жамгIияб гIуцIиялъ ахIун рукIана ниж, устарзабазул наслу хIисабалда, гьеб тадбиралде.

Хадусеб къоялъ телестудиялдеги ахIун интервью кьуна дица, васас, ясалъ. Бицана нижеца гьабулеб хIалтIул, ватIаналъул, ракьалъул хIакъалъулъ.

Ниж гурелги, гьенир рукIана учительзабазул, тохтурзабазул хъизамалги.

Хадусеб къоялъ дунги хъизанги ахIана гьез ВДНХялде. Гьениб унеб бугеб «Россия» выставкаялда Дагъистаналъул павильоналда мастер-класс бихьизабуна. «Знаниялъул» прямой эфир кьолеб куб буго гьениб, бащдаб сагIаталъниги гьенибги бицана гьаб устарлъиялъул хIакъалъулъ.

Хадуб лампада МахIачхъалаялде босизеги тIадкъана нижеда.

1 февралалда МахIачхъалаялда рагьана Хъизамалъул лъагIел. Гьенибги нижее ДРялъул бетIер Сергей Меликовас Баркалаялъул кагъат кьуна ва нижер хъизамалде бугеб лъикIаб бербалагьи бихьизабуна.

ДРялъул ЗахIматалъул министерствоялъ нижеда лъазабуна исана сон инегIан нуж бокьараб заманалда къватIире рахъине хIадурго рукIаян абун.

**- Щиб жо кколеб дуе хъизам? ХIажалъи букIанищ гьадинаб сон лъазабиялъул?**

- Дица хъизан гьабуралдаса 27 сон буго. Хъизам - гьеб ккола цIа, хинлъи. Гьеб ккола умумуз нилъеда гъорлъ лъурабщинаб лъикIлъи, хинаб рукъ, халатал сапараздаса хадуб нилъ гIедегIулеб гъансито, лъикIалъулъги квешалъулъги ракI бащад гьабизе бегьулев чи аскIов вукIин. Дун вуго талихIав чи - дир буго лъикIаб хъизан.

Дунго ине заман гIолареб бакIалде васги витIула дица. БатIибатIиял къецазда, выставкабазда гIахьаллъана гьев. Астраханалда, Сочиялда, Чачаналда, Ингушетиялда вукIана.

Бокьараб регионалде аниги, ансадерил ишан чIвай гIадин гьабураб хIалтIи кибниги батичIо. ЦIулада накъиш бахъи букIана, амма ишан кьаби гьечIо дунялалъул цониги бакIалда. Бихьараб мехалда гьезда ккола гьеб къалмица бахъараб суратин, гьабулеб бихьидал, гIажаиблъула.

Дир анищ буго дихъе ирсалъе щвараб махщел цIунун хутIизе ресал рати. БачIунеб гIелалъ рехун течIого букIинелъун дица рагьана лъимал цIализарулеб мастерская-школа. Гьенире рачIуна туристалги, нижеца гьабулеб хIалтIи бихьизе бокьаралги, рукIана нижеца ругьун гьарулел лъималги.



МухIамадгIали хъизамгун

15 улкаялде щвана дун, амма рокъоб гIадаб хинлъиги рекIелгъейги дида кибго батичIо. Масала, Испаниялда вукIана. 40 къо бана дица гьениб, кидадай рокъове щвелаян вукIана. Дие цIакъ бокьула ватIан.

ЦIикIкIараб чIухIи букIуна дир гьаб устарлъи лъаялдаса, гьаб пишаялда гъорлъ дунго ватиялдаса.

Гьадинаб сон лъазабиялъул хIажалъи букIанищин абуни, букIана. Нилъеда бихьулеб буго гьабсагIаталда къватIисел улкабазда бугеб ахIвал-хIалги, хъизамазул бугеб адабги, лъималазе лъица ва кинаб тарбия кьолеб бугебалиги. Нилъер гьаниб чIахIиязул адаб гьабиги, гьитIиназде кIвар кьей бугониги, цогидал бакIазда гьадинаб хIал гьечIо.

**- Гьеб хIалтIуде лъица, кин мун ругьун гьавурав?**

- Нижер тухумалда ГIанчи абула. Дир кIудияв эмен вукIана ГIанчи ХIасан, гьес гьаб махщел малъана дир инсуда, гьес дида, дица дирго васасда. Гьедин ункъабилеб наслу буго нижер гьаб махщалида бугеб. Гьаб ккола дие бокьулеб иш, дир тIокIлъи. Дица гьаб рикIкIуна ТIадагIенас кьураб нигIматлъун.

**- Цебе Унсоколо букIанагури цIулада ишан чIваялъул комбинат…**

- Комбинат бихханин абизе бокьулеб гьечIо, амма гьениб хIалтIулеб хIал гьечIо гьанже. Биххун, гордал рекун, жанире лъугьунеб хIал гьечIо.

Дица нижерго махщел биличIого, тIагIинчIого букIине, хIаракат бахъулеб букIана бачIунеб гIелалда цIулада ишан чIваялъул хIалтIи бихьизабизе.

Гьедин, Россиялъул президентасул гранталъе материал хъвана дица. Документал ана Москваялде ритIун, 38 чиясда гьоркьоса Дагъистаналдаса цохIо дун вукIана. Дир грант къабул гьабуна ва гьениса щвараб гIарцухъ мастерская рагьана.

Дун ана Унсоколо росдал школазде, кьуна гьезухъе тIанчал ва суратал рахъеян абуна. Суратал рахъизе гьезул бугеб махщалихъ балагьун, тIаса рищана ругьун гьаризе лъимал.

Анкьида жаниб кIиго къоялъ ругьун гьарулаан. Кинабго гьеб хIалтIи гьабулеб куц бихьидал, дир хIалтIуе лъикIаб къимат кьураб жаваб бачIана Москваялдаса.

Грант щвараб соналъ дица гьабулебщинаб хIалтIул суратал рахъун, цIиял станокал росун, ругьун гьаризе лъимал рачун, официалияб къагIидаялда мастерская рагьана.

**- Гьеб пишаялъе ругьун гьаризе бокьарал цоги миллаталъул яги къватIиса чагIи ругони…**

- РукIана гьединал гIадамал ва гьеб пишаялъе ругьунлъизе бокьарал. Амма нижеца гьеб пиша Унсоколо районалдаса чиясда гурони малъуларо. Нижехъа чагIи рукIун руго Америкаялда. Гьениб мастерскаяги рагьун, гьел ругьун гьарулел рукIун руго. Нижехъа чIахIиял чагIиги ун, гьев нахъе вачун вачIун вуго.

**- Дурги Россиялъул президент Владимир Путинилги Сочиялда ккараб дандчIваялъул бицинарищ?**

- 2019 соналда Сочиялда, Красная Полянаялда, тIобитIулеб букIана махщалилазул цererахъин. Лъазабуна гьенив В. Путин вачIине вугин. Щивго гьесда кIалъагейин, щибаб павильоналъе кIиго минут бугин гьесулин абуна гIуцIарухъабаз. Киналго регионазул павильонал рукIана гьенир. «Кавказ» павильоналда тIоцебе букIана нижер стенд. ЦIадги балеб къо букIана. Гьениве вачIиндал, тIоцеве нижер павильоналда цеве ккана президент. Гьесда цадахъ вукIана Индиялъул премьер-министр Нарендра Моди. Индиялдаса гьоболасда рихьана лълъурдул, гьезул халгьабулев гьев вугебгIан заманаялъ дида цеве вукIана Путин. КIалъагейилан абун бугелъул, щибго абичIого чIун вукIана дунги.

Дица гьабураб хъухъуги кодобе босун, гьелъул халгьабуна президентас. Хадуб гьес кодобе босана рюмка. ЯхI гьабизеги кIвечIого, гIажаибаб устарлъи гьечIищин абуна дица гьесухъги балагьун.

ТIоцебе бихьулеб бугин гьадинаб берцинаб хIалтIиги гIажаибаб махщелги, баркала бугин гьаб устарлъи цIунаралъухъин абуна гьес.

Щуго минуталдасаги бана гьес нижер павильоналда аскIоб, цогидазда аскIоб заманги бачIого ана.

Дида гьеб лъугьа-бахъин чанго моцIалъ цебе макьилъ бихьунги букIана.

**- Дуда цо-цо ишаналги макьилъ рихьулин абураб жо битIараб бугищ?**

- Рихьула. Ишаналги рихьула, цо-цо лъугьа-бахъунебги цебеккунго бихьула.

**- Кина-кинал хIалтIаби ругел бищун ракIалда чIарал?**

- Матрешка – Голландиялда буго гьеб гьабсагIаталда. Омскиялдаги йиго дир матрешка. ЦIулакьодул цIулал гьабураб щурункъверкъ – гьеб буго расанкIабазул музеялда - Сергиев-Посадалда. Шахматал, хъухъаби – гIемерал руго къватIисел улкабазда.

Шойгуе кьезе кIудияб хъухъу гьабун букIана, гьединабго Санкт-Петербургалдеги ана.

Араб соналда Расулил юбилеялъул сон букIаралъул, гьесул сураталгун хъухъаби гьаруна гIемер.

Дир букIана кIудияб, цIакъ берцинаб суркIа, гьеб гьабулаго, дир кIиго лъагIелгIан заман ана. Гьеб буго дунялалда цо гурони гьечIеб алат. Гьанже гьеб уна цо чияс босун,

гьеб бихьун хадуб рачIуна дихъе гьединабго бокьун бугин абун. ГьечIинха тIокIаб, гьединаб лъугьинеб-лъугьинареблъи лъаларин, лъагIалидасаги цIикIкIун заманалъ балагьун чIезеги кколин абизе ккола. ГIемерал хIалтIаби руго, амма бищун лъикIаб хIалтIи жеги гьабун гьечIебха дица, балагьараб мехалда.

Цоги интересаб лъугьа-бахьин ккана дир Буйнакскиялдаса хьитал гьарулев устарасулгун. Гьес дихъе бачIана багIараб цIулал гьабураб хьитил эгъе. Лондоналде выставкаялде битIизе бугин, гьеб эгъеялда ишан кьабизе кколин абуна гьес. Лондоналда къецалдаги бергьун, гьенире ахIулел рукIана ниж. Пандемиялъул заман букIун ине данде ккечIо.

Дир интерес буго гьеб искусство цебетIезабизе, бихьизабизе, гьединабги пиша букIин лъазабизе. Сахалиналде щвезегIан ана дунги кубачиявги нилъерго пиша бихьизабизе, цогидаздаги Дагъистан букIин лъазабизе.

Дир тIагIелал росулелги гьезул коллекция гьабулелги гIадамал гIемерал руго. Воронежалдаса хьизан буго кидадай дун вачIинаян балагьун чIун рукIунел. Дица гьезда гьикъана щибин нужеца гьел тIагIелазда гьабулебин абун. Гьез абуна коллекция гьабулин ва цо-цо сайгъаталъеги кьолин.

*МухIамадгIалида цадахъ редакциялде рачIун рукIана кIияйго ясги лъади Асият-Марямги. Гьейги ккола къанагIатаб махщалил устар.*

- Школа лъугIидал фабрикаялда хIалтIана дун. Эбелалъ рокъобеги бачIунаан гьабизе хIалтIи. Щуго лъимал рукIана нижер, киназго гьабулаан гьеб. Кун чIвазе бажарулаан, суратал рахъулаан. ГьитIинаб мехалдасаго дагьаб бичIчIи-лъай букIиналъ, МухIамадгIалида цадахъ лъугьун хIалтIи гьабизе бажарана.

**- Щиб бугеб гьеб хIалтIулъ бищун захIматаб жо?**

- Бищун захIматаб жо буго ишан бахъи, накъищ данде ккезаби. Хадуб кун чIвазеги тIагIел къачIазеги захIмалъуларо.

**- Накъищал лъица ургъулел, тема кинаб букIунеб?**

- ГIемерисеб букIуна тIогъода релълъараб. Нижерго тухумалъул ГIанчил узор, гIонкIкIол рачI, бер, кьенсер, данде ккараб жоялдаса бачIинабула сурат.

МухIамадгIалил ясазги гьабулеб буго эбел-инсуца гьабулеб устарлъи.

РекIее бокьараб хIалтIи гьабулаго, гьелъул захIмалъиги букIунарин, гьираялда гьабулин, кидадай гьабги лъугIизабун, цоги тIагIелалде руссинаян рукIунин бицана гьезги.

14 сон барав чияс, тIоцебе гIанса гьабунин жинцаян бицана МухIамадгIалица. Гьеб гьабулаго бихьараб кьоги, гьелда тIад гьабизе кколебщинаб хIалтIиги рехсана гьес.

Щибаб тухумалъул жиде-жидер накъищ букIунин ва гьелъухъ балагьун батIабахъизе лъалаанин гьеб лъица, щиб тухумалъул чияс гьабурабалигиян абуна.

МухIамадгIалица гьеб устарлъи гьабулеб буго 35 соналъ. ГIадатиябин ккараб цIулал кьотIелалъул, бокьараб, берцинаб тIагIел гьабизе гьунар гIолеб буго гIадамил лъимадул. Гьесул анищ буго ансадерил цIулада ишан кьабиялъул школа рагьизе, махщел биличIого букIине, бачIунеб гIел гьеб устарлъиялъе куцазе.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

# ХIажат бугищ нилъее «ИИ»?

**Араб анкьалда Россиялдаго кIодо гьабуна ГIелмуялъул къо. Сундул пикрабалъха вукIунев гIалимчи? Гьелъие жаваб батиялъул мурадалда ниж дандчIвана Хунзахъ районалъул ТIануси росулъа академик Шамил ГIалиевгун. Гьанир кьолел руго гIумруялъулгун гIелмуялъул ва дунялалда кколел хиса-басиязул хIакъалъулъ академикас нижее загьир гьарурал пикраби.**



Шамил ГIалиев

## ЦIадул хIенехI кунчIизабе

– Нилъеда бихьулеб хIакъикъат берцинаб буго пикрабалъ цебетIамулеб хIакъикъаталдаса. Нилъеда лъала, цересел гIасрабаздаги рукIана инсаният цебетIезабурал гIалимзабиги, художникалги, хьвадарухъабиги, кьокъго абуни – кIудиял гIадамал. Дица дунго толаан гьел гIадамазул гьитIинабго къатIралъун – гьезулгун рухьарал ругелъул дирги пикраби. Дунги вугоха гьеб рухIияб читIиралъул цо бутIа. Амма дица я кIодо гьабичIо, я гьитIинлъизабичIо гьеб читIир: дун вуго гIицIго гьелъул цо бутIа.

Кида-къадги, щибаб жоялъе ахир букIуна. РагIалде бахъуна гIелмияб хIалтIи, гьабулеб лъимал – гьезул гьечIо араб заман, гьединлъидал гьел руго талихIал. Сапаралдаса тIадвуссингун, дун кидаго унаан лъималазухъе ва гьезие цIияб жо бицунаан. Гьез чIвараб хъаталъе къимат къуни, 10 батIияб рахъалъ бергьенлъи дир букIинаан.

Дир азбар сверун бараб къадада бан буго школалъул 10 доска. Гьелда руго хьвай-хъвагIаял. Белоруссиялдаса вачIарав журналист вилълъана гьезухъ балагьизе ва дир черновикал рихьизе. Черновик – гьеб буго хIикмат, хIалкIолъи жиндилъ бахчараб балъголъи. Ва гьеб хIикматалъухъ гьоболлъи базе щварав дун талихIав вукIуна. Щайгурелъул черновикалъул кумекалдалъун бигьаго ракI рагьула дуца бокьарав чиясда цебе, хасго лъимералъе ва лъимерлъун



букIараб иш, гIумру. Ва инсан ине ккола абадияб дунялалде. РакI кьварид гьабула гьеб пикруялъ. Амма камуларо дур гIумру ахиралде щвеялдаса рохулелги – гьез гьираялда хIатцин чIвала дур хвелалъе. Амма дуе гьелъул ургъел букIине кколаро. Аслияб жо – духъа бажарана пуланаб масъала тIубазабиялъе квербакъулеб цIадул хIенехI кунчIизабун. Ва дуца баркала кьезе ккола ТIадегIанасе – дуе 80-сонилаб гIумру кьуралъухъ, дуе квешлъигун лъикIлъи гьабурал гIадамазе – гьелъ цебе туркIизабуна дур пикру ва квербакъана гIелмудулъ дуего хасаб сухъмахъ бахъиялъе.

Щивав гIалимчиясул рукIине ккола черновикал – гьездасан загьирлъула гьесул гIелмияб нух, сихI гьечIеб къварилъи. Ахираб 30 соналъ дица щибаб къойил ракIалде щвезарула гIумруялда дандчIварал гIалимзаби-гьудулзаби. Гьезул къимат дие буго орден-медальлъун. Дир кутакалда ракIбухIун буго гьезул черновиказухъ балагьизе щунгутIиялъ. РукIанадай гьезул гьел? Ва рес щолебани гьел хьирщизе, чанги цIияб пикру батилаан, цIиял гIелмабазде нухал рагьилаан…

Чистовикаллъун дица рикIкIуна вукIине бажарулев кIудияв чиясе. Хемингуэйица лъимерал рикьулаан кIиго бутIаялде: цIиркъ бихьаралги гьеб бихьичIелги. Дицаги рикьула гьел кIиго бутIаялде: лъимал ва лъимерлъун рукIине бажарулел чIахIиял.

## ГIедегIуге

Инсанас жиндего цIалеб бищун кIудияб балагь буго гIедегIи, хехлъи цIикIкIинаби. ГIедегIулев чиясул гьалатIал цIикIкIуна. Мекъаблъун дида бихьула, цогидав чиясде тIалабчилъи кьваризаби. Цин дудасаго тIалаб гьабизе ккола – гIадлуги, хIалтIиги, иш камиллъизабиги.

РекIее бокьараб гьабулев чи илбисалъул кверщаликье ккола. ГIалимчиясухъа бажаризе ккола жиндир гьалатIал ритIизаризе. Хехлъи цIикIкIинабуни, гьев мекъаб нухде ккола. Квешлъиялъ гIемер бакI ккола нилъер гIумруялда, амма гьелъул цIайи дагьаб буго. Гьелдаго цадахъ лъикIлъи дагьаб буго, амма гьелъул цIайи цIикIкIараб букIуна.

Улкаялда букIине ккола гIалимзабазул, тохтурзабазул, учительзабазул, музыкантазул гьункараб цолъи – гьелъ гIуцIула ва гучлъизабула гражданияб жамгIият.

Нилъеца кутакаб хехлъиялда бачуна шагьранухдасан машина. Дие рокьула цIцIаназул сухъмахъаздасан хьвадизе. Духъ ралагьун руго борхалъуда тIавап гьабулел цIумал, халкъалъул тарихалъул даимал нугIзал – мугIрул. Гьеб сихIкьотIилъун нилъеда кколеб дунялалъул буго жиндир хасаб гIумру…

ВукIине бегьула черновик гьечIев шагIир – цо-цояз циндаго кьвагьун бачIуна рекIелъе бортулеб асар. Амма гIалимчиясул черновик букIине ккола, дир пикруялда. Лъеда тIасанги лъелъ рукьунги хьвадулел гумузул яги аэрокосмосалъул техникияб гIелмуялда цIикIкIараб хехлъиялда масъалаби тIуразарун бажаруларо ва чара гьечIого хIажат рукIуна черновикал. Гьаб нух битIараб батичIо, батIияб нух тIаса бищила абураб пикруялъе гIолонигиха.

Нилъер сахлъи цIуниялъе кIвар бугеб жо буго ботIрол хIал. Щиб хIал бугебан гьикъидал, дица абула: чвахело гIадин сабруялда вугоян. НекIсияб заманалда гьеб суалалъе жаваб кьолаан: чвахукь гIадинан абун. Чвахукь! Пикрабазул чвахукь – мунги вуго гьеб чвахиялъул къатIра, цадахъго чвахиги. Антон Чеховас абулаан, сюжет гьечIо, щайгурелъул мун вачунев вуго пикруялъул чвахиялъин абун.

## Инсанасул рекIелъе лъугьунеб «ИИ»

Жакъа дунялалда цоцалъ къец бан хIадурулеб буго ярагъ. Ва дунялалда тIад кверщел гьабун буго капиталалъ, гIарцуца. Амма дунял хвасар гьабизе буго пикруялъ. Инсанас ургъун буго компьютер – «искусственный интеллект» (ИИ). Цо-цо улкабазда руго суперкомпьютералцин. Дица гьикъана: чан кондиционер хIажалъулеб гьеб цIорозабизе ва чан киловатт токалъул гьелъие хIажалъулебин абун. Дун хIикмалъизавуна гьезул жавабалъ: цо шагьаралъегIанасеб ток хIажалъулила ва 80 азарго кондиционер! Щайха кьварагIараб ИИ? Нилъер гIадалнахалъе кондиционерго хIажалъуларо ва гIола токалъул кIиго ватт.

ИИ гIуцIи чарагьечIеб иш батани, гьеб гIуцIизе ккола инсанасул рекIел хIал бичIчIизе бажарулеблъун.

# МагIарул миллат: тарих ва къисмат

*(Байбихьи 5-леб номералда)*

XIX гIасруялъул ахиралде Дагъистаналда рагъ-къалалъул хIалуцин гIодобцана, гIумру хисизе байбихьана ва замана бачIана рухIияб культураялде цIикIкIун кIвар буссинабизе бегьулеб. Гьеб заманалда загьирлъана магIарулазул гьира-шавкъ рухIияб культураялдехун.

Гьеб пагьмуги гьунарги чIобогояб бакIалда бижараб букIинчIо. Цебеги букIана магIарулазул бечедаб халкъияб фольклор ва тарихиял кучIдул. Масала, «Надир-Шагь щущахъ виххизави», «Бахтика», «Хочбар», «Кьурулъ хутIарав ГIали», «Камалил Башир» ва цогидал.

Гьанже рагъул хъуй гIодобциндал, миллаталъул рекIел къуват адабияталдалъун загьирлъана. Гьелдаса хадуб магIарул миллаталда рахьана гIезегIанго хьвадарухъаби ва шагIирзаби. Масала, Инхоса ГIалихIажияв, БакьагьечIиса ЧIанкIа, ХьахIабросулъа МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат ва цогидалги. Щивав шагIирасул адабияталда буго жиндирго хасаб бакI. Амма ХьахIабросулъа МахIмудил бакI киназдасаго борхалъиялда букIана.

ГIурусазул гIалимчи Жирковас хъван буго МахIмуд магIарулазеги, Пушкин гIурусазеги цого даражаялда вугин абун.

БатIи-батIиял чагIаз МахIмудил творчествоялъе къимат кьуна. Амма лъикI букIина гьесул цоги гьунаралде ва бажариялде кIвар буссинабуни. ГьанжелъизегIан магIарулазул церехьабаз рагъул бахIарчилъиялдалъун миллат цолъизабулеб букIун батани, МахIмудица гьеб гьабуна адабияталъул, ай поэзиялъул кумекалдалъун.

Цебе магIарулазул кинабго адабият кIиго бутIаялде бикьулаан, ай рокьул ва кьалул. МахIмудин абуни вукIана, гьес жинцаго абухъе, «рокьул гIащикъ».

**«Дунял-гIаламалъе**
**ГIищкъул рукъги бан,**
**Дун кьотIнов хутIана**
**Къадал ракьанда.**
**Къиралзабазецин**
**Рокьул кьоги лъун,**
**Дун кьурулъ хутIана**
**Кьодул сакIги тIун.**
**Рокьул кьогIлъи лъараз,**
**ГIищкъул цIа лъураз,**
**ЦIуне дир хIурупал,**
**ХIарп хутIичIого...»**

Гьелде тIадеги, МахIмудица магIарул чIужугIаданалъул къимат-къадру цебе букIинчIеб борхалъиялде бахинабуна.

Миллаталъе цIаргун рецц гьабуна ЦIадаса ХIамзатицаги. «МагIаруллъиялда бищунго бегIераб гIакълу» абураб къимат кьуна гьесие Николай Тихоновас. ЦIадаса ХIамзат вукIана сатирагун юморалъул бергьарав махщалилав. Гьелъул кумекалдалъун ХIамзатица магIарул халкъ цересел бецIал гIадатаздасаги жидерго гIамал-хасияталъул гъалатIаздасаги эркен гьабуна. ЦIадаса ХIамзат магIарулазда ва дагъистаниязда гьоркьов цIакъ машгьурав чи вукIана ва гьесул шигIраби магIарулазда рекIехъе лъалаан. Гьесул цо-цо кочIол мухъал абиялльун, кицабилъун лъугьана. МахIмудилго гIадин, ЦIадаса ХIамзатилги букIана кIвар миллат цолъизабиялъе ва бецIлъиялдаса канлъи-лъаялде магIарулал рачиналъе.

ГIурусазул гIалимчи-философ Лев Гумилевас миллат цебетIезабулел вакилзабазда абулеб буго «пассионариял» абун. Гьелъухъего, КIудияв ГIумахан, имам ГъазимухIамад, имам Шамил, ХьахIабросулъа МахIмуд ва ЦIадаса ХIамзат авар миллаталъул пассионариязул цебесеб къерда рехсезе мустахIикъал руго.

МагIарулазда чарагьечIого ракIалда букIине ккола магIарул чIужугIаданалъул миллаталъе бугеб кIвар. МагIарулазул бахIарчилъиги, яхIги, узденлъиги, лебаллъиги ва кинабго лъикIабщинаб магIарул чIужугIаданалъул баракат ккола. МагIишаталъул хIалтIиги тIаде босун, магIарул чIужугIаданалъ бихьинчиясул къимат-къадру гIасрабаз борхатаб даражаялде бахинабуна.

Дагъистаниял Россиялде гъорлъе унго-унголъунги рачIине байбихьана XX гIасруялъул 30-абилел соназда, культурияб революциялъул хIасилалда. Гьеб заманалда Россиялдаса рачIарал гIурусазул интеллигенциялъ хIаракат бахьана Дагъистаналда лъай, гIелму, медицина тIибитIизабизе ва гьелъул хIасилалда республикаялда лъикIал хиса-басиял ккана.

ГIасрабазул лъадари гIадада ккечIо миллаталъе. Гьелъул хIасил буго миллаталъул «рикIкIен дагьлъаниги, гьунар гIемерал» бахIарзал рукIин. Генул гьотIокье гIеч бортуларин абухъе, КIудияв ГIумахан, имам ГъазимухIамад, имам Шамил, наиб ХIажимурад, КъарахъаМахIамадтIагьир, МухIамадмирза Мавраев, МахIач ДахIадаев, Инхоса ГIалихIажияв, БакьагьечIиса ЧIанкIа, ХьахIабросулъа МахIмуд, ЦIадаса ХIамзат, Расул ХIамзатов, КIикIуниса ГIусман, ГIабдурахIман Даниялов, КъахIиса ХIасан-апанди, ЧIикIаса СагIидапанди, Даку Асадулаев, МухIамадтIамир Синдикъов, ГIали ГIалиев, Загьалав ГIабдулабегов, Суракъат Асиятилов, МухIамадхан ГIарацилов, МухIамадхан ХIамзатханов, ХIажи МахIачев, Сайгидпаша ГIумаханов, ХIайдарбег ХIайдарбегов, ГIабдулманап НурмухIамадов, ХIабиб НурмухIамадов, ГIабдулрашид СагIадулаев ва гIемерал цогидалги магIарулазул бахIарзал миллаталъул нигIматаллъун ккола. Гьезул щивасул бидулъ бессун букIана ва буго гIасрабаз лъадарараб магIарул гIамал-хасиятги яхI-намусги.

Къуватаб миллаталъул къуватал бахIарзалги рахъуна. Гьезул щивав, ракIалдаго гьечIого гурo, гьеб борхалъиялде бахарав. Гьезул щивас жиндирго нухда биги гIетIги тIуна, яхI бахъана, гIазаб чIамуна. Гьелъул хIакъалъулъ Расул ХIамзатовасул руго гьадинал мухъал:

**«Дир бетIер хъахIлъана гIумрудул соназ,**
**ГIазу биунареб мугIрул тIогь гIадин.**
**ГIасрабаз цоцахъе рехи гьавуна**
**ГьитIинго лъималаз торгIо гIадинан**
**Цабзаз кIутIби рукъун, щциналъ зар букъун,**
**Сверана Дагъистан дир гIицIал хIатIаз.**
**ХIинкъи, щциналъ хьамун, вачIинахъего**
**ТIоцебесеб кечIгун вахъана кьалде.**
**ЧIахIиял кьурабалъ гIумру гьабулел**
**ГIагараб авар халкъ - гьезул васин дун.**
**КигIанго гьитIинаб букIананиги,**
**Гьез кьуна дие мацI кучIдул гьаризе».**

Миллаталъул пикру гьабуларев чи къанагIатги вукIунев ватиларо. Нилъер заманалда миллаталъе захIмалъиялдасаги кIудияб хIалбихьилъун лъугьун буго рахIат. ГIадада гуро магIарулаз абулеб «ГIорцIул балагь ракъул балагьалдасаги кIудияб» абун. Гьединго цо кочIолъ руго гьадинал рагIаби:

**«ТIаде рахъа, умумул, ахIи бугин нужеде,**
**ГIорцIигун гIадамазе лъугьунеб жо бихьизе».**

Гьединлъидал, кигIанго инсанасе рахIат хирияб батаниги, цо чиясе ва тIолабго миллаталъе рекъараб захIмалъи чарагьечIого хIажат букIуна. ЗахIмалъи ккола хIалбихьи, гьелъ гIамал-хасият лъадарула, миллат цIунула ва гьедин гурони цебетIей букIунаро.

Япониязул аби буго: «ЗахIмалъи-кьварилъи гьечIеб батани, гьеб бичун босизе ккола», - ян. Гьезулго буго цоги гьадинабги аби: «Умумулги хIалтIун, лъимал рахIаталда ругони, гьезул лъималазул лъималаз гьардухъанлъи гьабизе ккезе буго», - ян.

Щиб жакъа миллаталъе лъугьун бугеб, кинаб гIузру магIарулазул бугебин абураб суалалъе жаваб анкьумумузда цебего батун буго: «ЗахIматгун - бахIарчилъи, рахIатгун - хIалихьалъи.

Миллатазул тарихалъухъ балагьани, рахIаталъул кьагIуялъ гIемерав чи, хIатта империял дунялалдаса тIагIинаруна. Щуабилеб гIасруялъул бакьулъ къуватаб Румазул империя тIатIала ккана. Гьелъие гIиллаги букIана рахIаталъул хIасилалда халкъалда гIумру чIалгIин, кинабго хIалтIи рагьдателазде тIамун тей ва жидеего квенги рекIелгъейги тIалаб гьаби.

Румазул мисалалъ якьинго бихьизабула гIорцIидал гIадамазе лъугьунеб жо. ГIадада гуро Инхоса ГIалихIажияс хъван бугеб: «ЗахIмат бихьичIого рахIат бокьарас, бекьичIого лъилъе нилъ гьечIого хур», - абун.



Миллаталъул пикру гьабуларев чи къанагIатги вукIунев ватиларо. Нилъер заманалда миллаталъе захIмалъиялдасаги кIудияб хIалбихьилъун лъугьун буго рахIат. ГIадада гуро магIарулаз абулеб «ГIорцIул балагь ракъул балагьалдасаги кIудияб» абун.

## ХадурагIи

9 февралалда къватIибе араб гьаб макъалаялъул цебесеб бутIаялда дие абизе ва загьир гьабизе бокьараб пикру букIана магIарулазул миллаталъул гIуцIи кида лъугьараб ва миллат кида бижараб абураб суалалъе жаваб кьолаго, абизе бегьулин 1741 соналда Надир-шагьасул аскаразде данде къеркьолаго лъугьанин абун. Гьеб къеркьей букIана миллаталъе бищун захIматаб, вахIшияб ва кIвар цIикIкIараб хIалбихьилъун. Гьеб рагьалъ рикьрикьун рукIарал эркенал къавмал, жамагIатал данде гьаруна, миллат цолъизе ва гъункизабуна. Гьединлъидал магIарул миллат буго захIмалъи-кьварилъиялъул хIасилалда жиб лъугьараб.

Ахиралдаги абила, ракI-ракIалъ баркала загьир гьабизе бокьун буго гьаб макъала хIадур гьабизе дие кумек гьабурал Гьарадерихъа гIалимчи ГIабдукъадирил МухIамадие ва ЗанатIаса гIалимчи Жамалудин МаламухIамадовасе.

*ХIайбула МУХIАМАДСАЛИХIОВ,*
*тарихиял гIелмабазул доктор*

# Армиялде ахIичIониги, ватIан цIунизе ана



Исана 60 сон тIубалаан 1964 соналъул 10 февралалда ГIанди росулъ гьавурав Гъазаналипов МуртазгIалица. Гьев гIумруялдаса ватIалъаралдаса ана 25 сон. Гьесул захIматалъулаб гIумруялъул хъвай-хъвагIай гьабураб тIехьалда гIицIго «ГIанди совхозалъул хIалтIухъан» абун гурони, тIокIаб щибго хъван букIинчIо.

Школа лъугIидал, гьев ана Москваялде, амма цIализе ворчIичIо. РакIалде ккана, заман гIадада хвезабичIого, армиялде ине. Берзул канлъи лъикI гьечIолъиялда бан, гьенивеги вачинчIо. Цинги хIалтIизе лъугьана Москваялъул «Метростроялде».

Амма гьенив парахалъилалде, хабар рагIана Дагъистаналде халкъазда гьоркьосел хъачагъал кIанцIун ругин абун. МуртазгIали вачIана росулъе ва лъугьана ополчениялде. Гьесул кIвар гьениб цIакъ кIудияб букIана. Росдал ва районалъул киналго бакIал лъалев МуртазгIалица къадги къасиги кьолел баяназ Россиялъул армиялъул командирзабазе рес кьолаан тушбабазде данде гьабулеб рагъул мурад щвалде щун тIубазабизе.

Доб заманалда гьесул хIакъалъулъ ругел хъвай-хъвагIаязда буго:

«21 августалъул сардилъ МВДялъул хIалтIухъабигун ва ополченцалгун цадахъ М. Гъазаналиповас гIахьаллъи гьабуна хъачагъал ХIарами габурлъиялдаса нахъе хъамиялъулъ ва Болъихъ-Ведено федералияб нухалда кверщел гьабиялъулъ. Гьеб бахIарчияб къокъаялъ рухIалда барахщичIого гьарурал рагъулал тадбиразул хIасилалда нилъеразе рес щвана хъачагъал сверун ккевезе, асир гьаризе ва гьезул щуго машина хъвагьизабизе.

Гьеб рагъулъ МуртазгIали тIоцеве кIанцIана тушбаби рахчараб щулалъиялде тIаде ва тIагIинавуна хъачагъазул чангояв. Гьес тушбабазул кьвагьи жиндехунго буссинабиялъ рес щвана, нилъер рахъалъе камиял ккечIого, гьезул щулалъабазда тIад кверщел гьабизе.

Габурлъи эркен гьабидал, 1999 соналъул 21 августалда, кигIанго хIинкъи бугониги, лъутун унел бандитазда хадув лъугьарав МуртазгIали захIматго лъукъана. 25 августалда къадаралдеги щвана. Гьев тушбабазде тIаде кIанцIиялъе гIиллаги букIана, гьужумалъ унеб танк ва цадахъ рукIарал солдатал лъалхъун хутIи. Гьеб заманалда тушбаби рорчIун унел рукIана. МуртазгIалил хIукму ккана гьел риччангутIизе. Гьеб лъалхъи дагьабги халатбахъун букIарабани, хъачагъал гьениса рорчIиялда хIинкъи букIана. ГьединлъидалгIедегIана МуртазгIалиги.

М. Гъазаналиповас Россия цIунун бихьизабураб бахIарчилъи ккола гIагараб ракь цIуни мурадалда гьабураб кIудияб гьунар», - илан.

Доб заманалда Муртузица (гьедин абулаан гьесда) гьабураб гьунар буго унго-унгояб бихьиназул хасият. Гьелде тIадеги, цоцоязда ракIалде кколаан сундуе гIоло жив гIумруялъе хIинкъи бугеб бакIалде ине кколевилан абун. Амма накIкI лъураб, риидалил квачарабго доб сордоялъ, гIемераб ярагъгун ругел тушбабазде данде цо карабингун унев Муртузил рекIелъ гьединал пикраби рукIинчIо. Гьеб букIана рагъулал тунка-гIусиял байбихьаралдаса 15-абилеб кьо.

Дол кьояз Муртуз виччалев вукIинчIо ополчениялде, армиялда хъулухъ гьабичIев, рагъул, яргъил хIал лъаларев чи вугинги абун. Амма гьев тIирун чIана жив гьенив вукIине кколинги абун.

Хъвадарухъан ва журналист ХIажи ГIариповас гьесул хIакъалъулъ хъван буго, цадахъ рукIараз машинаялда рекIине толарого вукIун, цогидаб машинаялдеги вахун, рогьалилъ бальго вачIун вугила гьев рагъулаб операция унеб бакIалдеян.

РФялъул президентасул указалда рекъон, бихьизабураб бахIарчилъиялъе ва бихьинчилъиялъе гIоло, Гъазаналипов МуртазгIали мустахIикълъана «Россиялъул БахIарчи» абураб тIадегIанаб цIаралъе.

***З. ИЛЬЯСОВ***

## БетIер къуле гьезие…

КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда ункъо моцIалъ къеркьана фашистал Сталинград бахъизелъун. Амма советияб армиялъул рагъухъабаз гьезул мурад тIубазе течIо. Сталинградалъул рагъулъ, рухIалда барахщичIого, рагъулел рукIана нилъер ракьцоялги. Гьезда гьоркьов вукIана Гъуниб районалъул Хьиндахъ росулъа Шамил Байсунгъуровги.

МахIачхъалаялъул автодорожнияб техникумалъул студентлъун вукIаго, 1939 соналда ана Шамил армиялде. Полкалъулаб школалдаги цIалун, гьев вахъана сержантлъун. Армиялъул болжал ахиралде щолеб заманалда байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ.

Сержант Байсунгъуров гIахьаллъана Украинаги Белоруссияги эркен гьариялъул рагъазулъ. Сталинградалда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ мустахIикълъана «БагIараб ЦIва» орденалъе. Хадуб, Пермь шагьаралда рагъулаб училище лъугIизабидал, гьев тIамуна САУялъул (самоходная артиллерийская установка) отделениялъул командирлъун. Цинги щвана капитанасул чинги.

1945 соналда Шамил лъукъана. Сахлъун хадув тIадвуссана часталде. Рагъ лъугIидалги, гьев вукIана армиялда. 25 соналъ рагъулаб хъулухъги тIубан, хIалхьиялда вугев гвардиялъул майор Ш. Байсунгъуров тIадвуссана ватIаналде. Гьесул карандa кенчIолел рукIана Рагъулаб БагIараб Байрахъалъул кIиго орден, ВатIаналъулаб рагъул тIоцебесеб даражаялъул орден ва «За боевые заслуги», «Сталинград цIуналъухъ», «Варшава эркен гьабуралъухъ», «Берлин босаралъухъ» медалал.

Ш. Байсунгъуров къадаралде щвана 2009 соналда.

И. Погореловас хъвана:
Гьел гIемер хутIун гьечIо,
Кьобихьарал, хIехьарал…
Нух кье, нагагь дандчIвани,
БетIер къуле гьезие…

***ПатIимат ХIАЖИЕВА,***
***Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб***
***Миллияб библиотекаялъул***
***хIалтIухъан***

# Нуж парахат кьижа…



Солдатазул лъаббокIонал кагътал… Нилъеда киданиги кIоченаро гьел.

Дица, чанцIулго тIатIала вуссун, цIалана гIисинал хIарпаз, берцинаб хатIалъ хъварал имгIал Каримудин ХIажиевасул кагътал. КIудияб ВатIанияб рагъул ветеран ТIарикъат Мансуровас бицунаан: «Каримудин вукIана дир классцояв – анкьго соналъ цадахъ цIалана ниж. Нижер анищ букIана учительзабилъун, тохтурзабилъун, агрономаллъун рахъине. Нижее сундулъго киназего мисаллъун вукIана Каримудин.

Школа лъугIидал, гьев хIалтIана Дилим росдал школалда учительлъун, 1941 соналда лъугIизабуна Хасавюрталъул педучилищеги», - ян.

Рагъда цересел сонал… ЗахIматал, амма лъикIаб гIумруялде хьулаз ракI гIорцIизабурал, анищазул чу кьолозе рес кьурал, жиндир къуваталдаги бажари-гьунаралдаги ракIчIарал. Амма гьеб киналдаго тIасан хIучч цIана тIаде бачIараб рагъул балагьалъ. Щиб кIочаниги, гьеб нилъер халкъалда даим кIочене бегьуларо. Хасго рекIелъ цIунизе тIадаб буго даим кьалда хутIарал рагъул бахIарзазул тарих!

> Амма гьеб киналдаго тIасан хIучч цIана тIаде бачIараб рагъул балагьалъ. Щиб кIочаниги, гьеб нилъер халкъалда даим кIочене бегьуларо. Хасго рекIелъ цIунизе тIадаб буго даим кьалда хутIарал рагъул бахIарзазул тарих!

1942 соналъул марталда К. ХIажиев витIана МахIачхъалаялъул лъелазул училищеялде. Доб заманалда гьеб гочинабун букIана Грузиялъул Манлиси шагьаралде. ТIокIлъиялда цIалана Каримудин, ва гьесие кьуна лейтенантасул цIар.

1942 соналъул октябралда гьев тана танкабазде данде багъулеб 72-абилеб взводалъул командирлъун, гIахьаллъана Орджоникидзе шагьар цIуниялъул рагъазулъ.

Жанисел ишазул подполковник МахIмуд ХIажиевасул ракIалдещвеязда хъвалеб буго: «Шагьар цIунизе кутакалда захIмат букIана. Дотал рукIана щулиял. Нижер фамилия цо букIиналъ, киназдаго кколаан ниж вацал ругилан. Досдаги дидаги абулаан, Шамилил ирсилав гIадин вагъула дур вацилан. Хадубккун дида рагIана гьев, Моздок цIунулаго, лъукъун вукIин», - ан.

1942 соналъул риидал Каримудин ХIажиевасул взвод гIахьаллъана, къокъаб заманалда Северияб Кавказ бахъизеян фашистаз гьарурал гIасиял рагьазулъ. Гьес инсухъе хъвана: «ХIурматияв эмен! Фашистазе бокьун буго нилъер Кавказ кверде босизе. Ниж хIадурал руго ВатIан цIуниялъе гIоло ахирисеб би гIодобе тIинкIизегIан рагъизе», - ян.

Яцазухъе рачIарал кагътазул цоялда Каримудиница хъвалеб буго: «Ниж рагъизе руго, ракIчIараб бергьенлъи босизегIан. Нуж хIалтIе колхозалда. ГIемерисел гIадамал хутIун руго, гIумру гьабизе ракь гьечIого. Кинабго хIехьезе ккола, Аллагьасги гьедин абун бугелъул».

Цоги кагътида хъван буго: «Дихъе гIемерал кагътал хъваге. Цензураялъ гьел дихъе щоларо», - ян.

Севериyaб Кавказалда букIараб гьеб рагъда лейтенант ХIажиев Каримудин захIматго лъукъана ва Бесланалъул госпиталалда къадаралде щвана. Гьесул къисмат нахъалъизегIан нижеда лъалеб букIинчIо. Амма 1986 соналда, Хасавюрталъул педучилищеялъул ТОКСалъул къокъаялъул кумекалдалъун, батана гьев вукъун бугеб бакI. Хъизамалъе, яцазе бокьун букIана цо вукIарав вацасул хоб батизе, ва гьел Бесланалде ана. Вацлъиялъулаб хоб тIугьдуз бацун букIана ва мармаргьецIоялда тIад гьабун бугоан гьадинаб хъвай-хъвагIай: «Нуж парахат кьижа, БахIарзал! Ирсилазда бихьила нужер гьунар», - ан.

Ункъо хIуби гьабун хъварал, Северияб Казказ цIунулаго, рагъда хварал бахIарзазул цIаразда гьоркьоб букIана «Гаджиев К. И.» абун хъвараб мухъги. Гьелдаса чIухIизе бачIуна, гьез, ясбер гIадин, цIунидалха гIагараб ВатIан.

***Эсенай ИДРИСОВ,***
***Казбек район, Дилим росу,***
***Дагъистаналъул***
***мустахIикъав учитель***

# ГъитIинаб росулъ бижараб кIудияб гъунар

**Щив кколев художник? Гьайгьай, заманаги гIумруги цо лахIзаталъ лъалхъизабизе бажарулев хIикматав инсан. ТIадегIанас кьураб пагьмуялдаса пайдаги босун, гIадамал пана гьарулев чи. Художникас рухI лъола тIабигIаталдаги, тарихалдаги, къиматаздаги. Художникасул суратазухъ ралагьидал, щивха хутIулев цо кинаб букIаниги асар гьабичIого – рохелги, релъиги, магIуги, гIодиги… Масала, Халилбег Мусаясул бокьараб сураталъухъ балагьидал, дида магIу кквезе кIоларо. МагIуги хисун, рохел рещтIуна пикрабазулъе, ДРялъул халкъияв ва мустахIикъав художник, Хунзахъ районалъул Шотода росулъа ГIамирхан МухIамадовасул суратазухъе сапар бухьиндал…**

**Щуабилеб февралалда гьес бана 60 сон. Художникасе гьеб гIемерищ яги дагьищ? Гьелъие жаваб кьела живго ГIамирханица. «ХIакъикъат» газеталъул коллективалъги, юбилейги баркун, гьарула гьесие щулияб сахлъи.**



хIикматаб асаралда рухI лъезе хIаракатги бахъула, - ян абуна гьес.

## Берцинлъиялде данде кквералги ритIун

Газеталде гьоболлъухъ вачIарав ГIамирханица хабар байбихьана ХIамзатил Расулил махсараялдасан:

- *ГIемер щолаан Расулихъе. Цо нухалда гьес абуна художникал, шагIирзабазде дандеккун, талихIал чагIи ругин абун. Сундулъ гьеб талихI бугебин гьикъидал, гьес жаваб кьуна художниказул асаразул таржама гьабизе кколарилан.*

Таржама гьабичIониги бичIчIула художникасул хатI. ГIамирханилги буго цохIо жиндиего хасиятаб къагIида. Гьесул суратал кIалъала бокьараб мацIалда. Гьале дида цере ГIамирханил суратал – гьале доб дунялго бахилаб берцинлъиялъул магIаруллъи. Гьале дол сухъмахъал, щибаб свериялъулгицин жиндирго къисмат бугел. Гьале магIарулалги – пахруял цIумазул рорженалда цадахъ мугIрузул тIогьазда жидер цIарал хъварал.

Цо-цоккун рихьана художникас магIаруллъиялъул берцинлъи загьир гьабулел жиндирго суратал. Цо сураталъ цIакъго асар гьабуна. МагIаруллъиялде рещтIунеб рогьел – сихIкьотIун кьижараб, гьанжего гьанже макьидаса борчIизе цIабуцIахъдулеб бугеб магIарул росу. Росдал парахалъи цIунарал мугIрул. Бакъул гордоялъусан гьимулеб тIабигIат - киса-кибего меседилаб багIарлъи.

- *Гьале гьадинаб берцинлъиялде данде кквералги ритIун, щвана дун ракьалде. Гьадинаб гьайбатаблъун цебечIезабула дица дун гьавураб къо. Гьеле гьеб берцинлъиялъ лъун батула дир бидулъ гьаб гьунарги*, - ян бицана **ГIамирханица**.

## Наслабазе рокьи толеб буго

Аслияб къагIидаялда ГIамирхан МухIамадовасул суратаз бицуна гIагараб ракьалъул тарихалъулги, маданияталъулги, машгьурал гIадамазул къисматазулги хIакъалъулъ.

- *Дие кIудияб асар гьабула магIаруллъиялъул тIабигIаталъ. Гьеб хIикматаб асаралда рухI лъезе хIаракатги бахъула*, - ян абуна гьес.

*ГьитIинаб ВатIаналъулги гIагараб Дагъистаналъул рорхалъабазулги тIадегIанлъиялъулги бицана гьесул суратаз дунялалъул батIибатIиял пачалихъазе. ГIагараб ракьалъул кIодолъиялъухъ рокьи ккарал гьесул суратаз сири базабуна выставкабазде рачIаразда. Суратаз жидецаго гьурщана дунялалъе Дагъистаналъул къисмат. Гьеле гьединаб къуват букIуна унго-унгояб пагьмугьунаралъул.*

2005 соналдаса нахъе хIалтIулев вуго ГI. МухIамадов ДРялъул Художниказул союзалъул Выставкабазул залалъул директорлъун.

Щибха нахъе толеб художникас гIагараб миллаталъеги гьелъул халкъалъеги?

- *Гьеб суалалъе жаваб кьолаго, дица абилаан, масала, тIоцебесеб иргаялда, гьитIинаб ватIаналъухъ ккараб гIищкъу. ГIищкъуялда сверухъ бакIарула хутIарабщинаб. Дица наслабазе толеб буго гьитIинаб ватIаналъул кIудияб тарихги, тарих гвангъизабурал магIарулазул цIаралги, цIарал гвангъизарурал гьезул ишалги. Сонал анагIан, урхъи цIикIкIунеб буго магIаруллъиялъухъ. Гьанже гьеб урхъиги дица суратаздасан бицине байбихьун буго. Юбилеялъулаб выставкаги дица сайгъат гьабулеб буго мунагьал чураяв дирго эмен НурмухIамадие. Гьелъул магIнаги ккола дир ракI даим мугIрузда букIанин абураб. ТIолабго магIаруллъиялъе къулула бетIер. Гьедин бицунеб буго дир суратазги. Дица наслабазе толеб буго ватIаналде рокьи. Умумуз нилъее ирсалъе тараб цIунизе къуватги гьарула хадусел гIелазе. Дир суратаз бицина наслабазе дир къисматалъул. Гьезул щибалъулъ буго дир халкъ*, - илан абуна гьес.

## Творческияб гIумруялдаса цо-цо лахIзатал

Пагьмуялъул цояб хIокIидаса цогидалде вахунаго, щварал бергьенлъаби гIезегIан руго ГIамирханил. Гьесие щварал шапакъатазул цояб ккола Россиялъул Художествияб академиялъул Баркалаялъул кагъат. Гьединго гьев ккола **«Русская галерея - 21 век»** Миллияб премиялъул гIарцулав лауреат. ГIамирхан ккола **«Юг России – 10»** абураб Сочиялда ва **«Шунудагъ -2008»** тIоритIарал выставкабазул дипломант. ГIамирхан гIахьаллъана Сербиялда тIобитIараб Халкъазда гьоркьосеб выставкаялда. Художникасе цIакъго гIагараб буго Кавказалъул рагъул тема. ХIажимурадил, Л. Толстоясул, Шамилил суратал. Гев гIахьаллъана «Левитанил сезонал» абураб Москваялда тIобитIараб выставкаялда, Англиялда тIобитIараб **«Арт-Вояж»** проекталда.

ГI. МухIамадов жиндирго суратазе сайгъат гьабуна 27 персоналияб выставка. Гьелде тIадеги гьев гIахьаллъана къватIисел пачалихъазда ва Россиялъул регионазда тIобитIулеб чанго цадахъаб выставкаялдаги – Хунзахъ, МахIачхъала, Париж, Болгария, Сербия, Москва, Звенигород, Кострома, Калмыкия, Тула, Волгоград, Ростов ва цогидалги бакIазда. Къокъго абуни, художник гIахьаллъун вуго 160 республикаялъулал, регионалиял, тIолгороссиялъулал, Халкъазда гьоркьосел выставкабазда.

60 сон – дагьищ гьеб яги гIемерищ? Хъвадарухъан-шагIир вукIа, художник вукIа, ай творческиял хIалтIухъабазе гьеб ккола пагьму тIогьолъ босараб, гьениб гIумру гьалдолеб гIуж. Жеги чанги сапарал гьарила магIарулаз магIарулалги магIаруллъиги хирияв художник ГIамирхан МухIамадовасул суратазухъе…

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***







## АхIмад Хизриев:

# «КечI-бакъаналдаса дун рикIкIалъана»

**Дагъалъ цебе вотсапалда тIибитIизабулеб букIана магIарулалда рекъечIеб партал ретIарай кочIохъаналъул ролик. КечIги гьелъ ахIулеб букIана магIарул мацIалда. Гьединаб ретIа-къай бугей магIарулалъул эмен-вацгойищ гьечIевин абураб пикру загьир гьабулеб букIана магIарулаз.**

**МагIарул кочIол къисматалъул хIакъалъулъ нижеца гара-чIвари гьабуна Гъуниб районалъул КIуядаса АхIмад Хизриевасулгун. Берцинаб гьаракьги кечI ахIизе лъикIаб махщелги буго гьесул. Ва ахIулаан гьес, пандрида килщалги кIутIулаго. Амма щугогIан соналъ цебе АхIмадица кечI ахIи тана.**



Кваранисa А. Хизриев

**- АхIмад, лъил кучIдул ахIулел рукIарал дуца ва щай гьеб иш тараб?**

- Аслияб къагIидаялда дица ахIулаан Даку ва МухIамад Асадулаевазул, дир инсул вацгIал Ильясил кучIдул. Гьелги гIемерисел рукIана халкъиял. РукIана ХъахIабросулъа МахIмудил рагIабазда ахIулелги.

КечI-бакъан теялъе буго гьадинаб гIилла. Дагъистаналъул кочIохъанлъиялъул дунялалда расги лъикIаб хIал гьечIо гьабсагIат. Учителас дарсги эбел-инсуца тарбияги кьолебго гIадин, кочIохъанасги халкъ куцазе ккола. Щибха кьолеб бугеб жакъа кочIохъанас халкъалъе? Бугищ гьелда жаниб унгоунгояб рокьи, ритIухълъи?

Жакъа сценаялдасан кечI ахIулев чияс харж гьабулеб буго жиндирго гIарац: оранжировкаялъухъ, цогидабщиналъухъ. Ва халкъалъе ахIи балеб буго. Щиб кочIохъанасе бокьун бугеб халкъалъе загьир гьабизе гьеб ахIиялдалъун? КочIохъ гIенеккизе вачIарав чиясги хвезабулеб буго гIарац: билет босула, къачIа-кIатIан вачIуна залалде, хвезабула заман. Сундуе гIоло гьеб гьабулеб бугеб? Гьагъаб бакIалда букIине ккеларищ кочIохъанги вохизавулеб гьесухъ гIенеккулевги разилъулеб къиматаб жо. Бугищ гьеб гьабсагIат? ГьечIо. Доб цебе букIараб рокьиги, яхIалде, ритIухълъиялде инсан ахIиги, гьесие тарбия кьейги хутIун гьечIо жакъасеб кочIолъ. «Дие мун вокьула, вачIа, вокьулев» - цого жо чIамулеб буго. Гьеб тIалаб гьабулеб буго залалде рачIаразул гIемерисезги.

**- Дуца ахIулеб букIараб кочIол магIнаго букIинчIищха?**

- МагIнаяб кечI букIин гIоларо, вукIине ккола гьеб кочIол лазат босизе гъира бугев, гьелъухъ гIенеккулев чиги. МагIна бугеб кочIол къимат гьабуларо жакъа. Залалда гIодов чIарав чиясда гьоркьоса 70 проценталъе кинабгIаги ургъел букIунаро сценаялдаса ахIулеб кочIол магIнаялъулги бакъаналъулги. Гьез хьатчIвала гIицIго ракIгъезабулел, гьава цIикIкIинабулел кучIдузеги гьединалго бакъназеги. Сценаялда вугев чиясда гьеб кутакалда лъикI бихьула.

Гьеб дандеккевзе бегьула жакъа модаялда ругел социалиял гьиназда бугеб хIалалде. Махсарахочlалъул жо хъвани, бищун гIемер «лайкал» лъола. ЖамгIияталъего кIвар бугеб масъала цебелъураб текст гIемерисез цIализецин цIалуларо. Гьединаб буго жакъа нилъер миллияб гьунаралъе кьолеб къимат.

АхIулеб рагIул магIнаги, магIаруласул букIине кколеб ретIа-къайги, кечI ахIиялъул мурадгун масъалаги бичIчIулев чи къанагIалъун вуго. Доб 70 проценталъе кечI ахIизе бокьун гьечIо дие. ГьединлъидаI сценаги тана.

**- Нашидал, мавлидал ахIулел ратилаха дуца гьанже…**

- КечI-бакъан танилан рагIидал, жидеда цадахъ хIалтIизе вачIаян ахIулев вукIана дун нашидал ахIулел гIолохъабаз. Гьаб бегьула, доб бегьулароян гьенибги гIемер батIиял жал руго. МухIкан гьарилаpo. Дица гьеб ишги тана. КъанагIат гурони концерталдеги унарев, сапаралда вукIаго, кучIдузухъги гIенеккулев чиясда ракIалде ккезе бегьула, инсанасе кинабгIаги заралги жиндаса гьечIеб, бигьаб иш бугин гьебан абун. Амма гьеб пишаялда гьорлъ вугев чиясе гьеб лъикIаб иш гуро.

Гьединаб гIумру теян абулаан эбел-инсуца дида. Дир гIумру гIадада хвелин хIинкъи букIана дозул. Амма дун кантIизавуна Аллагьас. Дагъа-дагъаб жоги гьекъон, дунял-гIаламалдаго рагIиледухъ машинаялъуб кечIги биччан, дорегьанире сапаралъ унел рукIуна кочIохъаби. Цо нухалда гуро, гьедин унев вукIарав дида, нухда машинаги тункун, къадаралде щварав чи вихьарав. Гьизилюрталдаса вачIунаго, диегоги къварилъи ккезе дагъаб жо хутIана. Гьеб мехалда дида ракIалде ккана: «ВахI, гьадин унев дун хвани, ахиралда дида рагIулеб каламлъун букIинехъин буго кечI-бакъан», - ан. Гьекъон вукIаго хварав чиясул иш кинха букIинеб… Гьединал лъугьабахъиназ рикIкIалъизавуна дун кочIохъанлъиялдаса.

Гьеб нух унго-унголъунги тезабуна Шамил имамасул хIакъалъулъ МухIамад ХIамзаевас хъвараб тIехьалъ. КIиго-лъабго нухалъ цIалана дица гьеб. Щибаб нухалда чвахана бадиса магIуги. Гьединаб захIматаб хIалалда Дагъистанги динги цIунун рагъарал имамги муридзабиги… Гьеб заманалда вижун вукIаравани дунин гIодана. Дунго дидасаго нечана! Имамасда цеве ккун вукIаравани, кочIохъанлъунищ дун вукIине вукIарав? Гьеб мехалда тIокIалъ кечI-бакъаналде вуссинчIо дун.

**- Щиб пишаялда вугев мун жакъа?**

- Дица тIибитIизабула «Ас-салам» газета. Подписка гьабула, бичула. Гьеб ишалда вуго кIиго лъагIелалъ. АлхIамдулиллагь, гьениса щвараб рикъзиялъ хьихьула хъизан-лъималги. КечI ахIиялъе буго кIиго гIилла: ракIгъеялъе ва гIарац щвеялъул мурадалда. Гьаб дунялалда бугеб кинабго гIарац кьуниги, дун тIадвуссинаро кочIохъанлъиялде. ГьедигIанги хисана дир пикру, рекIелъ букIараб кечIалде рокьи нахъе босана Аллагьас. РукIи бараб партал ретIине кканицин, теларо жакъасеб пишаги. Щайгурелъул дие рес щун буго Шамил имамасги муридзабазги цIунун, Аллагьасдасан нилъехъе щвараб дин тIибитIизабизе. Гьелдаса лъикIаб иш бугищ дунялалда? Гьелъие гIоло гурищ аварагзабиги асхIабзабиги ритIун рукIарал? Гьелъие гIоло гурищ имамзабаз гIумру кьураб?

**- Щиб абилеб дуца магIарулазда?**

- Нужее пайда щвезе бокьун батани, цIале М. ХIамзаевасул тIехь. Гьениб батила насихIатги малъа-хъвайги. Гьениб бицунеб буго, масала, Гъуниб имамасул хъаладухъе нух малъанила цо хиянатчияс. Нилъер цониги чиясе бокьуларо, гьев чи жидер росулъа кколин абизеги рагIизеги. Щай? Щайгурелъул гьеб хIакъираб хIужа бугелъул. Доб заманалдаги рукIана Шамил имамасде дандечIарал. Жакъаги камуларо гьединал – диналъул церехъабазде данде рахъунел. Мекъаб нухде ккеялдаса цIуниялъе сабаблъун букIина гьеб тIехь.

*Гара-чIвари гьабуна*
*Кавсарат*
*СУЛЕЙМАНОВАЛЪ*

## «Бесдалал гьечIеб Дагъистаналъ» - 15 сон

**«Россия - дир тарих» парк-музеялда кIодо гьабуна «Бесдалал гьечIеб Дагъистан» абураб жамгIияб гIуцIи рагьаралдаса 15 сон тIубай. «Бесдалал гьечIеб Дагъистаналъул» къайимлъиялда ругез ва тадбиралде ахIарал республикаялъул лъай кьеялъул батIи-батIиял идарабазул цIалдохъабаз тарихияб музеялда гIуцIана жидерго хIалтIабазул выставка ва рихьизаруна мастер-классал.**

Тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул рахъалъ министр Энрик Муслимов, печаталъул ва информациялъулаб агентствоялъул нухмалъулев ГIабдуразакъ Жамалудинов, ДРялъул бетIерасда цебе бугеб лъималазул ихтиярал цIунулеб идараялъул нухмалъулей Марина Ежова, ДРялъул социалияб фондалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаев, Руччабазул союзалъул гIуцIиялъул нухмалъулей Интизар Мамутаева, жамгIиял хIаракатчагIи.

«Бесдалал гьечIеб Дагъистан» жамгIияб гIуцIиялъул директор Раисат ГIусмановалъ баркала загьир гьабуна 15 соналъ гьелъул хIалтIуе квербакъарал хIаракатчагIазе ва меценатазе.

- Баркала буго гьаб жамгIияб гIуцIиялъе кьучI лъуразул цояв МухIамад ГIабдулхабировасе, «Чистое сердце» фондалъул президент ГIумар МуртазагIалиевасе, социалияб фондалъул нухмалъулев МухIамад ГIисаевасе ва цогидазеги, - ян абуна гьелъ.

Колледжазда цIалулел, хьихьизе рачарал хъизамазда гIумру гьабулел 18 сонил ригьалде рахинчIел лъималазе сайгъатал кьуна М. ГIисаевас.

Ятимазе квербакъулеб жамгIияб гIуцIиялда юбилей баркана ва гьеб хIалтIулъ бихьизабураб хIаракаталъухъ Баркалаялъул кагътал кьуна Э. Муслимовас.

- Гьаб гIуцIиялъул цIаралъго абулеб буго ахир-къадги Дагъистаналда лъимал бесдал хутIизе гьечIин абун. Амма, дунялалда рагъал унел ругебгIан мехалда, гьеб мурад тIубазе захIмалъизе букIин лъала. Гьединго камулел гьечIо гьекъелмехтелалъул, наркоманиялъул, батIи-батIиял тIабигIиял балагъазул хIасилалда лъимал бесдаллъиялъул хIужабиги, - ян абуна Э. Муслимовас.

Рехсараб министерствоялъул рахъалдасан Баркалаялъул кагътал кьуна гIуцIиялъул хIаракатчагIи МухIамад ГIабдулхабировасе, Светлана ГIалиевалъе, ХIусен МухIамадовасе ва цогидазеги.

И. Мамутаевалъ Раисат ГIусмановалъе сайгъат гьабуна магIарулалъул гIаламат - гормендо ва кьуна «За любовь к Отчизне» абураб медаль.

ЖамгIияб гIуцIиялъ 15 соналда жаниб гьабунщинаб хIалтIул кьокъаб хIасил бихьизабуна «Россия - дир тарих» паркалъул кIудияб залалъул экраналдасан. Республикаялъул ятимал лъималазул школа-интернатаздаса, колледжаздаса, гIинда бакIал лъималазул школалдаса, «Забота» инвалидаллъималазул республикаялъулаб интернат-рукъалдаса лъималаз ва Дагъистаналъул эстрадаялъул кочIохъабаз бихьизабуна концертги.

*ПатIимат*
*СУЛТIАНМУХIАМАДОВА*

# Кундузгун Кандагар, Аминил кIалгIа…

## Афгъанистаналде щибаб сордойил сабру хварай эбел пикрабалъ щола

**15 февралалда 35 сон сверана советиял аскарал Афгъанистаналдаса нахъе рачаралдаса. ИчIго соналдасаги цIикIкIун халатбахъараб гьеб рагъулъ гIахьаллъана нилъер ракьцоялги, 4096 чиясда гьоркьоса 150-яс рухI кьуна цIар лъезе лъалареб гьеб рагъулъ. ТIадчагIазул сиясат сабаблъун цIа гIадал гIолохъабаз би тIезе ккана.**

**Араб талат къоялъ республикаялъул Миллияб политикаялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул залалда тIобитIана «КIочене рес гьечIо нижеда мун, Афгъанистан» абураб данделъи.**




### КъотIун гьечIо жакъаги…

Афгъанистан… Гьелъги хасаб бакI ккола нилъер щивасул рекIелъ. Гъваридаб лъалкI тана гьеб ракьалъул къисматалъ ракьцоязул гIумрудул нухда.

4000-ялдасаги цIикIкIун ракьцояс гIахьаллъи гьабуна Афгъаналъул рагъулъ. Гьезул чангияс абадиялъего берал къанщана Афгъаналъул мугIрузда.

Гьелъул хIакъалъулъ цIидасанги бицана 13 февралалда МахIачхъалаялда букIараб данделъиялда. Республикаялъул миллияб политикаялъул ва къватIисел бухьеназул ишазул рахъалъ министр Энрик Муслимовас, Афгъаналъул рагъул бидулаб ирсалъул бицунаго абуна, мисалалъе, гьениса рачIанин тIоцере Совет Союзалде наркотикал. Гьебги букIанин СШАялъул хъубаб къасдалъул хIасил.

- Афгъанистаналда кьалуе бухараб къали гьез гIододбцине течIо хадубккунги. Бусурбабазул пачалихъалда питна бекьизе, расги мунагь гьечIеб халкъалъул би гIодобе тIезе, цIадабе нарт тIолаго ана гьезул гIумру, гьебго хъубаб сиясат жакъаги буго гьез хIалтIизабулеб. Палестинаялъул Гъазаялда нилъер диналъул вацал руго чIалгIаде чIвалел.

Нилъер гIолохъабаз Афгъанистаналда ракIбацIцIадго тIубазабуна ватIаналъ цебе лъураб борч. Гьелъухъ гьезие баркала кьезе бокьунги буго, - ян абуна министрас.

РукIана цогидал кIалъаялги. Залалда гIодорчIун рукIана батIи-батIиял соназда Афгъанистаналда хъулухъ гьабурал бахIарзалги. Гьениб лъай-хъвай ккана дир МахIачхъалаялдаса СултIанов Мусашайихилгун, ЛъаратIа районалдаса Имамирзаев Имамирзалгун ва Гумбет районалъул МелъетIаса Сулейманов МухIамадрасулилгун.

### Егун макьу гьечIо магIарулалъе…

Афгъанистаналъул цIар бахъидал, дида кидаго ракIалде щола гьитIинаб заман, магIарухъ инсул рукъ, гортIа лъураб радиоялдасан ПатIимат Магаевалъ ахIулеб кечI. Афгъанистаналда чIварав ТIелекьа МухIамадхIажиде гьабураб, гьебго росулъа МухIамад Биярслановасул сарин буго гьеб. Гьеб кечI ахIулеб рагIидал, гIодулаан дир эбелги, гьей гурей нус-нус магIарулайги.

**Егун макьу гьечIо магIарулалъе,**
**Афгъанистаналда цIадулъ вуго вас.**
**Ургъалица керен кваналеб буго,**
**Каранда жаниб ракI угьдулеб буго.**
**Афгъанистаналде щибаб сордоялъ,**




**Сабру хварай эбел пикрабалъ щола,**
**Гьикъула васасда, карандеги къан:**
**- Кида мун дихъе нахъвуссиневилан?**
**Васас жаваб кьола, моцI хутIун бугин,**
**Хирияй дир эбел, яхI гьабейилан.**
**- Кида гьеб моцI унеб? Огьо-гьой!**
**Бице, дир канлъи? Огьо-гьой!**
**Ина, эбел, ина, огь, эбел.**
**Мун хIалакунге, хирияй.**
**Эбел къаси васгун гаргалей йиго,**
**Гирун-гирун унеб магIуги бацIцIун,**
**ЦIваби борхалъуда паркъелел руго,**
**Паркъе! Нолъ къасиги гьужум букIанин**

*** * ***

**Афгъанистаналъул кьурул каранда**
**ТIелекьа вас вуго бида вецIцIулев,**
**ЦIумаз бусен лъураб борхалъиялда**
**Босулеб буго рухI магIаруласул…**

ТIелекьа МухIамадхIажил хIакъалъулъ бицен ккана тIадехун рехсараб данделъиялдаги, Гумбет районалъул МелъелтIаса Сулейманов МухIамадрасулилгун букIараб гара-чIвариялда.

- Дун Афгъанистаналде ккана 1984 соналъул ихдал. Цебесеб соналъул хаслихъе армиялде ахIарав дун хъулухъ гьабизе ккана Туркестаналъул рагъулаб округалъул часталде. Гьенив анлъго моцIалъ ругьунлъабаздаги вукIун, 1985 соналъул маялде ниж рехана Афгъанистаналде. Хъулухъ гьабизе ккана Кандагар провинциялде. 70-абилеб мотострелковияб дивизиялде. Цадахъ рукIана гIезегIан ракьцоялги. Гьениб лъай-хъвай ккана ТIелекьа МухIамадов МухIамадхIажилгун ва ЛъаратIа районалдаса ГIалиев МухIамадгIалилгун. КIиязего цого моцIалъ гIадин щвана гьениб гIажалги.

Афгъанистаналъул бухIараб ракьалъул, согIал мугIрузул тIабигIаталда бигьаго букIинчIо доре хъулухъ гьабизе ккарал гIолохъабазе.

Гьединго цеве вачIуна дирго росуцояв, 1986-88 соназда Афгъанистаналда вагъулев вукIарав ХIайбулаев МустIапа. 1987 соналъул хасалихъе ращалъи гьечIеб рагъулъ лъукъарав МустIапа, анлъго моцIгIанасеб мех Москваялда рагъулаб госпиталалдаги бан, каранда «БагIараб ЦIва» орденгун, гIансидеги рекъдулаго вуссана инсул росулъе. Чанги хабар-кIалалъе ккедал, намусги нахъегIан цун, кигIан захIмат букIаниги, дица хIалбихьана дол цIадулал къоязул бицен гьабиларищан гьесда гьаризе. Пашманго гьимизеги гьимун, тIокIаб гьелъул бицен гьабугеян гьарана гьес. ТIокIаб дицаги цIехечIо.

Гьевги, доб рагъулъ гIахьаллъарал цогидал Афгъанистаналъул ветераналги дандчIвана Афгъаналъулазул ахикь. Республикаялъул батIи-батIиял шагьараздаса, мухъаздаса кIинусгоники чи вукIана гьениве вакIарун. 35 соналъ цере къанщарал жидерго кьалул гьудулзаби ракIалде щвезаризе, мармаргьецIоялда рикIарал гьезул цIаразде пашманго тIаде къулизе, дол талихIкъарал къоязул сипат цоги нухалъ цебечIезабизе рачIун рукIана гьел гьенире. Адам аварагасул лъимал, Къабилица Гьабилги чIван чIегIераб ракьалде тIоцебе би чвахаралдаса ракьалдаса тIагIинчIо питнаги, рагъги, ярагъги, чIвалел, лъукъулел гIолохъабазул къадарги. ЛъугIун гьечIо гьеб жакъаги. Бусурбаби жанир гIемераб, гIагараб бакъбаккул улкаялда жакъаги кьалул кор боркьун буго. Инсанаият бижаралдаса киналго рагъал ракь сабабалъун кканин бицуна хIужабаз, гIалимчагIазгун тарихчагIаз. Исламалъ хвасар гьабизе бугин жакъа дунялилан абулеб буго гIакъилал гIадамаз. Щивасул рекIелъ иман рещтIин буго нилъер мурад, ракълида кунчIаги киназего бакъги. Афгъанистаналъул тема, щаяли лъаларо, кидаго хирияб букIана дие. АнцIго соналъ бичIчIулареб рагъда къанщарал гIолохъабазул къисмат рекIелъа биччачIого, гьезул пикру гьабичIого чIезе кIолеб гьечIо. Гьезул щивасул рукIана жиндирго гIумру, бокьулеб пиша ва тIурачIел хьулал…

***Ашахан ЮСУПОВ***

# Бице, эбелалъул, умумузул мацI

**Араб анкьалда Хасавюрталъул педколледжалда данделъун рукIана республикаялдаго рахьдал мацIал кьеялъул бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ бицине. ГIелмиябгун методикияб рахъалъ колледжалъул директорасул заместитель Казим Мусаевас, дандеруссин рагьулаго, абуна:**

*- Жакъа данделъун руго рахьдал мацIазул хIакъалъулъ бицине. Колледжалъул директор* ***МухIамад Сулеймановасул*** *тIадкъаялдалъун тIобитIулеб гьаб данделъиялъул аслияб мурадги буго хадусел гIелазе рахьдал мацIал цIуни, чIахIияб гIелалъ, щиб гьабизе кколебали бицин. Гьанире ахIун руго шагьаралъул, районалъул школазул нухмалъулел ва учительзаби. Жакъа гIенеккилаха нужехъ. Бугищ учительзабазул ва школазул нухмалъулезул кумекалдалъун гьеб ахIвал-хIал хисизабизе рес,* - ан.



Рахьдал мацIалъул ургъалида

Колледжалъул преподаватель **Написат Расуловалъ** бицана студентазда гьоркьоб гьабулеб бугеб хIалтIул ва жалго студентазул кинаб гъира бугебали рахьдал мацIал лъазаризе.

*- ГIаммаб къагIидаялда босани, рахьдал мацI бокьулел студентал гIемер руго. Гьеб лъаларезеги кумек гьабизе хIаракат бахъула гьез. Гьезда, рукIинесел учительзабазда, бичIчIулеб буго рахьдал мацI талихIаб букIинеселъул кьучI букIин,* - илан абуна гьелъ.





Т. Зургьалова студенталгун. Бице, эбелалъул, умумузул мацI

КIалъазе рахъарал учительзабазги бицана рахьдал мацIазул дарсал кьеялъе къваригIунел шартIазул. Масала, Хасавюрт шагьаралъул №1 школалъул директор **ГIабдулмуслим Шахмановас** гьадин абуна:

*- Жакъа нилъеца гIемер бицунеб буго рахьдал мацIал цIунизе ккеялъул хIакъалъулъ. Цо-цояз мисалалцин рачуна, масала, щайила гьикъулеб лъималаздаги улбуздаги рахьдал мацIазул дарсазде ине бокьилищилан. Биологиялде, химиялде, физикаялде ва цогидалги дарсазде ине бокьилищин цIехоларила. Щайгурелъул лъималаздаги гьезул умумуздаги лъала ва бичIчIула хадубккунги, цIализе лъугьунелъул, гьел предметазул бугеб кIвар. Химия, биология лъалеб гьечIони, кинха мединститутalде лъугьинел. Информатика, математика къваригIуна техникиял вузазде лъугьунелъул. Гьанже рачIаха хIисаб гьабизе, рахьдал мацI хадубккунги жамгIияб гIумруялда хIажалъулебги гьечIони, цониги вузалде лъугьунелъулги гьеб къваригIунеб гьечIони, къваригIинчIониги, мацI тIагIани, миллат лъугIулилан абураб жоги лъималаздаги гьезул эбел-инсудаги бичIчIулебги гьечIони, нилъ ургъизе ккола щиб гьабун лъикIин абураб суалалда тIад,* - илан.

Тадбиралда кIалъазе яхъарай шагIир ТубхIат Зургьаловалъ бицана жинцаго гIисинал цIалдохъабазе хъвараб тIехьалъул хIакъалъулъги рахьдал мацIазул дарсал цIалдохъабазе рокьизе ккани, учитель кинав вукIине кколевалиги.

*- «Дир гьайбатаб алипба» тIехьалъул автор хIисабалда, дун гIемер ахIула школазде учительзабазулгун ва цIалдохъабазулгун дандчIваязде. Гьединго гIахьаллъула республикаялъул районазда тIоритIулел тадбиразда. ГIенеккула учительзабазул гIузрабазухъ.*

*Дица, тIоцебесеб иргаялда, абилаан лъималазе рокьи кьуни, гьезда учителасе жалго рокьулел рукIин бичIчIани, рес гьечIо цIалдохъанас гьеб дарс лъазабичIого. Гьай-гьай, руго захIмалъаби, хасго шагьаралъул школазда. Амма гьел захIмалъабигицин бигьалъизе руго, учителас цIалдохъанасда гьев жиндие вокьулеблъи бичIчIизабуни,* - ян абуна гьелъ.

Гьадинго тадбиралда кIалъана Костек росдал школалъул директор **ГIабдулазим ГIалиев** ва рахьдал мацIалъул учитель **Супуяханим Атавова**, Хамаюрт росдал школалдаса **ХIурмат Татаева**, Хасавюрт шагьаралъул №14 школалъул **Эльмира Дамигова** ва цогидалги.

Ва ахиралдаги тадбиралда гIахьаллъараз хIукму гьабуна хадусеб данделъи, кватIизегIан течIого, Пачалихъияб Думаялъул ва республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутаталги, ДРялъул Лъай кьеялъул министерствоялъул вакилзабиги ахIун, тIобитIизе.

Гьеб дандеруссиналдаса хадуб букIана ТубхIат Зургьаловалъулги колледжалъулги студентазул дандчIвай. ШагIиралъ рукIинесел учительзабазе бицана гIумруялъулъ рахьдал мацIазул бугеб кIваралъул, гьеб гьечIони, миллат тIагIине букIиналъул.

Т. Зургьаловалъ колледжалъул преподавательзабазе сайгъат гьаруна жиндирго тIахьалги.

***Шамай ХЪАЗАНБИЕВА***

## Хъвалаго хутIараб кагъат



Афгъанистаналдаса Советияб армиялъул аскар нахъе бачаралдаса ана 35 сон. Амма ругъунал жеги судулел руго.

- Салам, дир хирияв вас Шамил. Гьалеха эбелалъ духъ хъвалеб буго цоги кагъат. Щаялиго рекIее рахIатги гьечIо. Кьижун макьуги щолеб гьечIо. Дур хабарги лъаларого, ракIбакъван йигоха, дарман. Щай дуца жаваб кьолареб. ЦохIо рохелги бугоха дие. КватIичIого армиялъул болжалги лъугIун, мун рокъове тIадвуссина. Дир рекIел канлъи, Шамил! Бокьун бугеб куцха, каранде мунги къан, дур ботIрода кверал рахъизе. ЦIакъго урхъун йиго гIорцIизегIан дур бадие ялагьизе, кидаялиго, дур лъимерлъуда гIадин, кверги ккун, росдал къватIахъан тира-сверизе. Вай, ботIролъе рачIунел цо-цо пикрабазги хIинкъизаюлей йиго. Кколеб буго гьаб кагъат ахирисеб нухалда бугин духъе хъвалебилан абун. Унго-унгоги, дун хутIилародай, мун вачIинегIан. Нагагь дун цееса ун ятани, рокъове иналде, цин дихъе щваха, бабал дарман. Хваразул зонода цере эхетани, гьезда рихьулин абулелъулха. Бугониги, хьул буго Аллагьас мун дида вихьизе хъван батиялде…

Гьадинал пикрабазда, цин гIодун, цин юцIцIун, цинги гьимун, цинги цIидасанги гIодун армиялда хъулухъ гьабулев вугев васасухъе кагъат хъвалей йикIана ПатIимат, васасул жаназа росу рагIалде щолеб бугилан лъазабизе рос ГIабдулкъадир гьелда хадув хIалтIуде вачIиндал.

Цого-цо ункъгIалалъул бетIергьанчиясда лъалеб букIун буго Шамил Афгъанистаналда вукIин. КIвечIо гьесда эбел-инсуда гьеб хабар бицине. Гьесда лъалеб букIиндал жинда жаниб ракI лъурай эбелалъ къисматалъул кигIанги захIматаб гьир баччизе ккезе букIин.

ГIабдулкъадирида берчIвайдал, ПатIимат хIинкъун лъугьана. Щибулей йигейилан гьес гьикъидалги, нилъерго Шамилиде кагъат хъвалей йигилан, гьимулаго, жаваб кьуна гьелъ.

Дурги салам хъвана досухъейилан ПатIиматица абулелъул, ГIабдулкъадирица жаваб гьабуна:

- ПатIимат, нилъеца васасухъе тIокIалъ кагътал хъвазе гьечIо, гьев живго вачIунев вуго, яхъая дандчIвай гьабизе, - йилан абун.

Вай дир Шамилиланги ахIулаго, гьей къватIие екерана, васасда дандчIвай гьабизе - цIакъ бокьун букIана гьелъие Шамил каранде къазе. Росдал советалъул азбаралъуре ракIарарал гIадамал рихьидалги, гьенив вас ватичIеб мехалдаги, хIинкъарай гIадин лъугьана гьей. Гьеб параялъ гьениб аскIоб чIана цо машина.

Йилълъаха, ПатIимат, вас вихьизеянги абун, ГIабдулкъадирица ПатIимат машинаялъуе яхинаюна ва хадув живгоги вахана.

ПатIиматида цебе букIана васасул жаназа жаниб лъураб ящик…

Афгъанисталалъул рагъул бахIарчи, «БагIараб цIва» орденалъул кавалер Шамил ГIалихановасул хабаде гьанжеги щола цIалдохъаби, гьесул Бихьинчилъиялъул дарсазухъ гIенеккизе.

# Сардилъ бахъараб ахIи

**Дун хIалтIулев вукIана ЦIунтIа райадминистрациялда ишазул управлениялъул нухмалъулевлъун. 2003 соналъул декабрь моцIалда, изну гьечIого яргъид гIуцIарал хъачагъал районалъул ракьалде рачIараб тIоцебесеб къоялдаса ахиралде щвезегIан дун вукIана гьеб ахIи-хIуралъул гIахьалчилъунги. ЧIухIизе бачIуна доб мехалда дир халкъалъ бихьизабураб бахIарчилъиялдаса. ТIоцебесеб иргаялда, рищиязул заманалда рикьрикьулел жамагIатал цолъана. ГIумру гьабун лъарагIлъиялда ругелги магIарухъе рачIана, гьанир ругелгун цадахъ чIана. Москваялде щун вукIарав ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГI. КъурбангIалиевги гьеб параялъго тIадвуссун вачIана. Росабалъ ополчение гIуцIана. ГIорхъаби цIунулел чIвараб къоялъ БежтIаги Кьадалги росабалъа кIиго машина цIурал гIолохъаби рачIана. Гьединаб букIине ккола мадугьаллъи. Дагъистаналъул МВДялъул министр ГI. МухIамадтIагьировасул ахIиялъухъе къватIире рахъана балъгоял сухъмахънухал лъалел чанахъаби. ГIадатияб халкъалъ, квач бергьиндал, аскариязе, мадугьалихъа районаздаса рачIарал милициялъул хIалтIухъабазе чIезабуна хинлъиги, тIагIамаб квенги, цогидал хIажатал шартIалги.**

...Хасалил халатаб сордо къокъ гьабизе гьедарал гIадин, Усарил рокъоре ракIарун рукIана Шаури росдал ункъо-щуго гIолохъанчи. КIигоял бокIнилъ гIодорги чIун кагътал хIалел рукIана. ГьатIан къоялъ больницаялда рогьинегIан унтаразул тIалабалдаги вукIун, рокъове щварав Усарги, гьесул гIумрудул гьудул ПатIиматги, гьелъул вац Ахкубекги, цоги гIолохъабиги телевизоралдасан кьолел цIиял харбазухъ гIенеккун рукIана. БитIун боголил как ахIараб мехалъ, кIалалълъ бакIалда квалквадулей йикIарай ПатIимат къватIие яхъана. Цо лахIзаталдасан жаниеги ячIун, рахъа, лъимал, нилъер рагьтIе цIородасан хъущтIун бачIараб машина цузейилан абуна. ХIакъикъаталдаги кIалтIасан хьвадула машинаби. Гьебги, гIеларищха, гохIккараб бакIги буго гьениб. Гьениса хьвадун ругьунлъичIезул машинаби хъущтIичIого хутIуларо, хасго нухда цIер бугони.

Машина цузе рахъана Ахкубекги, ГIабдулгъапарги, Мусаги. ГохIккалидаса гъоркье хъущтIунги бачIун, рагъидул хIокIида цвизе дагьабго манзил хутIун бугоан «Волга» машинаялъул. КIигояв гьелда нахъа вугоан, тIирхъизарун бохдулгун. ДовегIан, нухда вахъун чIун вугоан жеги кIигояв. Чвантиниб букIараб гьитIинабго фонарикалъул канлъиги речIчIизабун, Ахкубек тIаде гIунтIаравго, нухда тIадехун вукIарав кIигояв тириго церегIан ана ва къадада мугъги цун чIана. Фоналъул канлъухъе рагьун бачIана машинаялда нахъа рукIаразул сипат-сурат. Гьезул ругоан каранде щварал мугжул, ботIрода такъияби, халатал гужгатал. Якъинго лъалеб букIана гужгатазда гъоркь ярагъ бахчун букIин. Ахкубекида берчIварабго, гьезул цоясухъа: «Бдительность! Мент идет», - абун борчIана. БорчIиларебги кинха, Ахкубекида тIад ретIун букIиндал камуфляжалъулаб ретIел. Гьеб параялъ машина цулел рукIарал дорегIан кIанцIун чIана. Щаклъизе бакI букIинчIо гьениб иш бацIцIадго батиялда. Киназго, хурхун тIадгун, машина нухде бахинабуна, гьеб параялъго гьеб Шаури-Эчеда нухккун зутIун эхебеги ана.

Гьенир ракIарараздa гьоркьоб бахIс байбихьана. Гьанире щвезегIанги рачIун, нахъе иналъул магIна щибдай, гьал чагIи чанахъабидайин абун кIалъана цояв.

Гьайгьай, гьел руго хъачагъал, амма кир гьел рукIарал ва киса рачIаралинги абун, цевегIан къана Абакар.

Дир пикруялда, гьезул ункъо-щугоял гурелги ратизе бегьула. Гьанибе бачIараб гьаб халкъ ахIвал-хIал цIехезе битIараб разведка батизе бегьула. Нилъеца, пал тIамулел рукIинчIого, гIорхъаби цIунулезухъе хабар ккезабизе ккола. Гьез цIехела ва лъазабила гьел чагIи щалалиян абуна цо лъицаялиго.




- Гьаниса заставаялде щвезе анлъго километр буго. Гьанже гьеб «Волга» машина Сагьаде гъоркье, ГIандигIурухъе щун батила. Гьенибеги къого километр буго. Машина хехго уна, нилъер гьаниб гIадин, эхере анагIан цIерги букIунаро. ГьабсагIаталъ рилълъаниги, цо сагIаталдасан гурони заставаялдеги щвеларо. Гьабгонияб заманалда хъачагъазул лъалкI тIубанго цебеса тIагIина, - ян кIалъана МухIамад.

- Бухьен гьечIо. ГьабсагIат нилъер машинаги гьечIо, гьеб щвезе бакIги гьечIо. БитIун букIина, хехгьабун, гIорхъаби цIунулезда лъазабуни.

БитIун сордо бащалъидал, жинди-жиндир пикрабалъ тIерхьун рукIарал, «ЧIа, щал рачIунел?» абураб хъаравуласул гьаракьалъ цинтIаго рекIеде рачIинаруна, лъачIого битIахъе застава сверункъараб чолоде аскIоре щварал гьел.

Заставаялъул начальник Халикъов Радимица киналго данде гьаруна ва цебе масъала лъуна. Гьеб параялъго бетIералда живгоги ичIго чиги вахана машинаялде. Машина бачунеб букIана Хунзахъ районалдаса ХIусенов МухIамадица. Машина багъарарабго, тIаде кIанцIун бачIана махI бачунеб гьойги. Шаури росдал рагIалде щведал, машина лъалхъана ва щиб кин гьабизе кколебали дандбазе лъугьана.

- Нилъер бащдал гьанир чIезе ккола, - ян абуна Халикъовас.

- Киналго, церехун инчIого, кьодухъ гъоркьчIалида чIани, лъикI букIинародай? «Волга» машинаялда бачIараб доб халкъ разведка батизе ккола, - ян абуна шофер МухIамадица.

- Дур пикру битIараб буго, амма щал рачIинегIан гьанир гъоркьчIалида рукIинел? ХIакъикъат лъазе ккани, «Волгаялда» рекIарал кквезе ккола нилъеца. Гьел я чанахъаби, ялъуни гIухьби гуро. Гьал чIедерал нухаздасан гьел рикIкIаде щун ратизе гьечIо, - янги абун, машинаялде вахана Радим.

* * *

Меккали тукадаса чIама-къамизе конфетал-пряникалги росун, гьеб щакаб халкъ, машинабаздаги рекIун, Шаурирехун ралагьун ана. Гьезда ракIалде кковухъе, гьениб гьезие хинаб квен кьолев чиги ккечIо. Гьезда гьениб бихьана жидедехун божи гьечIеб балагьиги ццидалаб рокьукълъиги. Кин батаниги, батIаго гьединаб балагьиялъ гьезул рахIат хвезабичIо, гьединал дандчIваязде гьел ругьунлъун рукIиндал. Гьезие кинабгIаги ургъел букIинчIо гIадамаз жидер хIакъалъулъ бицунелъулги ва жидеца халкъалъул хвезабулеб рахIаталъулги.

ХIусенил тукаде жалго свербараб мехалъ, нухлул халги гьабизе, жидеего хIинкъи-къай бугищалиги лъазабизе Шауриве щвезегIан чамалиго чи витIана. Гьезул цо чангояв тIадвуссун аслияб къокъаялде данде вачIана, хутIарал Шаурихун рахунеб Иланхеви лъаралда тIад лъураб кьодухъе балагьараб бакIалда чIана.

Аслияб къокъа, разведкаялъ рачIарал баяналги къабул гьарун, «Мезо-Къеца» майданалда, гIурул рагIалда лъалхъун кваналеб букIана. Гьеб заманалда Шаури кьодухъ ругез, доб рахъалде унеб машина бихьидал, нужехъе гьалбал рачIунел ругин рацииялдасан лъазабуна. ГьебсагIаталъго аслияб къокъаялъ нухда тIасахунги гъоркьанги бакIал ккуна ва пулеметал хIадурана. ХIукму ккана, жалго тIатинчIого хутIани, гIорхъаби цIунулел церехун риччан тезе.

ЦIородасан хъущтIун букIараб машина нухде бахинабунигицин, ккун чIечIого, гьой цебехун гьункьана. Гьелда лъабнусго метралъ церегIан ругезул махIчIвараб къагIидаха?! Машина майданалъул бакьулъиялде щведал, пулеметалъул тIвар-тIвари бахъана, цин гьойдул хIапигун, хадуб гьелъул цIир-цIиригун жубараб ва цо чанго секундалда жаниб гьоркьобги къотIана. Машина нухдасан дагьабго хъвалисаги сверун чIана. Кабинаялъувго хун вукIана РахIимов, гьесда аскIов рулалда нахъаго вукIана бида вецIцIулев вугев лъукъарав МухIамад. Машинаялде тIадеги вахун хъачагъазул цояс чIвана захIматго лъукъарав кIигояв. Тунка-гIусулаго, кIигояс МухIамад довегIан ваччана ва цадахъ вехъерхъизе хIукму гьабуна. Машина, гIорхъаби цIунулезул микьго жаназа тIадги букIаго, гIурулъе гиризабуна.

Киназго гьоркьове вазавун вукIана хIал дагьлъарав МухIамад. Гьесдаса тIалаб гьабулеб букIана заставаялъул щулалъи, гIорхъаби цIунулезул къадар, гьаб кватIараб сардилъ сапар кибе бухьун букIарабали баян. КигIан гIакъуба кьуниги, гIорхъаби цIунулесухъа гьезие чучаб жаваб щвечIо ва бахIарчиго абадиялъе гьесги къанщана берал.

* * *

КIкIал-къоного цIезабураб къвагьи, рагIарабго гIадин, тIагIунги индал, шаурисезул гIемерисел хIасилалъухъ балагьун годекIанир чIун рукIана. ТIубараб хIакъикъат лъалеб букIинчIониги, гьеб сардил сихIкъотIиялъулъ цо щибалиго ракI гъанцIизабулеб лъугьа-бахъин, багъарараб ральдал карачел гIадин, кьватIибе гьулчизе хIадурго букIиналда щаклъизе бакI букIинчIо. Гьеле гьеб мехалъ, рукке-руккел гьарун, рачIине лъугьана изну гьечIого яргъид гIуцIарал. ГодекIан къотIун унаго, жалгун цадахъ ине кколин цере къотIана гьез ГIабдулхIалимил МухIамадги Мухтарил Жужуги. Гьоркьоб заман балалде, кьижаралъуса вахъинавун цеве къотIун вачIана хIатIида цохIо мачуял гурони гьечIев ТIалхIатил Шамилги. Гъоркьлъалие росарал гIолохъабиги цере къотIун, Мокъокье унеб нухккун ана гьел.

Гъоркьлъалие росарал куцун рукIана ракIбацIцIадаб гIумру гьабиялъул кьучIалда. Жалго гIурал хъизамаздаги лъай щварал мактабаздаги гьезда малъана жалго рокьизаризе ккани, кини таралдаса чIахIиязул адаб гьабизе ккей, ватIан цIунизе рухIалда барахщичIолъи тIалъи, эбелалъ кинидахъ ахIараб кочIол магIна тIолабго гIаламалъего гIаммаб букIин бичIчIизе.

Лъабиде нух бикьулеб лъарахъе щведал, хъачагъал Мокъокъире сверана. Гьенире щолаго букIана чанго сагIаталъ цебе ичIго чи гIужие гьун тIаса камураб застава. ХIалкIун бичIчIизабуна Жужуца цебе кIудияб росу букIинги, тунка-гIуси ккечIого хутIизе гьечIолъиги, тункIил гьаркьихъе сверухъ ругел росаби тIаде рахъине рукIинги. ХIасил гьабураб къагIидаха, гьел Гъололъе сверана. Жужул хIаракаталдалъун ва хадубгьеялдалъун гьукъизе кIвана биял гIодоре тIей.

## ХадурагIи

Гьайгьай, гьеб къокъа цебехун борчIун букIарабани, жеги цIикIкIараб гьалмагъир ккезе бегьулаан. Гуржиялъе унел рукIараланиги, нухда лъабгониги застава батулаан гьезда, гьел сверизе бегьулаан райадминистрацияги МВДялъул отделги бугеб Кидиро росулъе. Аскариязги къуваталъулал идарабазги гьарурал хехал тадбираз, анкьил болжалалда жаниб, ахир лъуна хъачагъазе ва гьезул къасдазе.

***МухIамад РАМАЗАНОВАСУЛ***
***«Къолден» тIехьалдаса***

# Тарихалде ана, расги лъачIого

**Цо хIалалда чIолареб, хисардулеб жо буго гIумру. РагIабазулги букIуна гьединабго къисмат. Гьелги хIалтIизаруларо думалъго - мацIалда гьел рукIуна заманаялъ, гIун бачIунеб гIелалъе гьез кумек гьабула гьоркьоблъи-бухьен цIуниялъе, хадуб гьезул цо-цоял кIочона ва лъугIун уна гьезул букIараб магIна. Цо-цо рагIаби абуни, чIаго хутIула нус-нус соназ, цогидазул гIумру букIуна къокъаб. Гьайгьай, мацIалдаса рагIаби тIагIин ккола пашманаб, амма тIабигIияб гIилла, гIумру цебетIеялъул хIасил.**

РагIаби тIагIиналъе гIиллаги ккола, цебе гIадаб хIажалъи гьезде гьечIолъи. Нилъер гIумруялъулъа кинаб букIаниги къайи-къоно тIагIиндал, кIочона гьезда абулел рагIабиги. Масала, жакъа тIохда михир къваригIунаро, гьединлъидал гьеб рагIиги хIалтIизабуларо, гIолилазда гьелъул магIнаги лъаларо. Гьелъие буго цоги гIилла, гIолилазда къватIисел улкабазул, гьединго, гIурусазулги рагIаби берцин рихьи.

Гьайгьай, рагIабаздаса махIрумлъи ккола пашманаб хIакъикъат, амма гьел хIалица мацIалъулъ чIезаризе кIоларо. Мисалалъе, В. Далил словаралда ругел рагIабазул 18 процент (40 азарго рагIи) ккола хIалтIизабулареб. Амма гьелдалъун гIурус мацI мискинлъичIо. ЩайгурелЪул раккун рачIиндалха цIиял рагIаби.

ХIисаб гьабе, жакъа магIарул мацIалда хIалтIизего гьаруларо тIадерахъи (ветряная оспа), къавуда (чума), бихьахIлъи (белокровие), хIалцен (коклюш), вабаъ (холера), къоб (малярия) гIадал рагIаби. Гьединго, цебесеб гIарцул цIарал: шагьи (щуго кепек), гIабаси (къого кепек), къали (14 кг), рикьи (7 кг).

ХIурият ккелалде цебе магIарул мацIалда хIалтIизарулел рукIарал гIараб рагIаби коммунистаз хисизаруна гIурус рагIабаздалъун: маданият (культура), адабият (литература), алип (азбука), идара (учреждение), мугьру (печать) ва гь. ц. Гьедин бокьухъе хисизарурал рагIаби нилъеца жакъа жигаралда хIалтIизеги гьарула.

Цо гьалмагъас Ватцапалдасан рехун рачIана цере магIарулаз хIалтIизарулел рукIарал цо-цо рагIаби. Масала, *гуржимачуял, чухъа, чабхъен, къолден, такъия, гужгат, бидвахъин, чIухIби, чIункIби, магъущ, инкъилаб, хIуригат, бидул вац, рахьдал вац, гIел, роцалаби, лъаликь нус, цIоралъул хIара, муртацикъ, рукъа-махх, чарухъал, буртинадул хьитал, релълъ, булагьен, лулби, лал, кIерело, къали, сахI, муд, хулжал, хъабало, горменд, чит, боз, дарай, харай, зарбал, кIаланчIад, бащлихъ, мачIу, мочохер, чохтIо, курхьен, щвантIих, хантIих, давагьин, турут, кьогьен, щурун, рачIчI, хъаба, гIабаси, шагьи, тумен, хьалхъан, хIечч, чини, гIучIалтIам, байрахъулав, наиб, мудир, нусил бетIер, узден, нуцал, гъараваш, тархъан, хъирин, зулпукъар, багьадур, тIи, реччеб, гьегь, хIалахIо, чалта, терек, хеч, хъазан, тIех, гьалил гIатI, сариси, михир, мохрочалаби, сурпа, хIужра-рукъ, мазгар, къвачIа, хъурайсин, хъабарча, гIекIмацI, цIиниркIо, къор, гудур, къортен, гIандархьа, низам, тамгъа, игIлам, мугьру, магъало, сунек, нар, хIажаж, жансаву, цIоросарикIкI, лълъар, къвали, цIарагIи, нерхIа, мумия, ратIал, щигат, щунгъар, гьази, азнавур, гумпара, чахъма туманкI, асс, сси, бил, варакъ, сангар, буцур, гъапу, гъара, гъвел, гIанбар, гIамиркIо, дакъикъа, даптар, жавгьар, якъут, икълим, катиб, кирит, кирхан, къатIипа, къапила, маржан, сарин, таж, тайман, тахбакI, ужра, хIенехI, явлухъ, исхьали, хума, хIурайжи, ширищ, хамалаг, бурбутIи, гIадачIо, гьайкIалаби, хилат, чаларча, назму, турки, хIара, ургъабекI, ханум, халват, тIавап, тастар, сагьвиллъи, нагIли, мулк, къирал, жайран, ябу, кверчIвай, явлухъ, махмар, закатука, мирзай ххам, дабудин, гIорцIен, таманча, маузер, зингер-машина, кIорхIо, щайтIанчирахъ, хIивул чирахъ, кверзул гьобо, гIорто, неца, далакнус, салмаг, къанибакI, рогIоро, гIащтIичи, къадако, гъаранчихъ, сугъур, хIебет, аргъут, кIалдин, гьин, мухтасиб.*



РагIаби тIагIиналъе гIиллаги ккола, цебе гIадаб хIажалъи гьезде гьечIолъи. Нилъер гIумруялъулъа кинаб букIаниги къайи-къоно тIагIиндал, кIочона гьезда абулел рагIабиги.

Гьазул цIикIкIарасеб къадар ккола дир гIелалъул чагIаз хIалтIизарулел рукIарал рагIаби. Масала, инкъилаб ва хIуригат абурал рагIабаз кьола революция абураб магIна. Гьайгьай, совет хIукуматалъул соназда гьел рагIаби цIакъ машгьурал рукIана. Араб гIасруялъул 30-50-абилел соназда цо-цо росабалъ (масала, Къелеб) гьабулаан хъачIаб куналъул сугъур-ххам. Гьелъул букъулаан черхалъе цIакъ санагIат гьечIеб ва тIом букаризабулеб ретIел. Хадуб баккана, жакъа ресукъал чагIаз хIалтIизабулеб читил-ххам. Гьури-мучалдаса ва гIазу-цIададаса цIуниялъе, гьединго къаси лъалхъараб бакIалда бусадул ва юргъаналъул бакIалда букIине гIухьбузги сапаралъ унел чагIазги чара гьечIого ретIунаан буртина.

Цебе заманалда росабалъ, пархеналда рукIинеян, аслияб куцалда, бихьиназ гьекъолеб жо букIана букъачIагIа. Гьелъ чорхое саламатаб кеп кьолаан, ракъи кIоченалъе кумекги гьабулаан.

Рукъзабахъ канлъуе хIалтIизабулаан хIедул яги нартил чирахъ. Жакъа нилъеда кIочарал гьел рагIаби кколаан гIадамал мискинаб, язихъаб гIумру-магIишаталда рукIиналъул бицунел нугIзал.

Дол соназда гIадамазе кIудияб къварилъи букIана квен-тIехалъул. Гьелъги батила, масала, гьидерил росабалъ машгьурал рукIана «лъапи», «тIвалхIи», «бирун» абулел рагIаби. Мисалалъе, кваназеян рокъоре щведал, рокъосез кваналеб жо лъугIизабун батани, абулаан «кинабго жо лъапу тему бу», гьекъолеб жо (риди, рахь, бетарахь) батичIони - «багIанщинаб жо тIвалхIу тему бу гьаз», - ян.

Цебе заманалда гIемерисезе гьан ва бахъухъ гIадал тIагIамал рукIана байрамкъояз гурони кваназе щоларел нигIматал. ДугIадулъцин херал чагIаз Аллагьасда гьарулаан: «ГIодоб батаниги, бахъухъ кодобе босулареб заман бачIаги», - ян.

Чадида данде кваназе цоги жо гьечIолъиялъ, гIемерисез, ччу-ччухху-ххузе букIиналъе, хIадурулаан бирун. Гьеб букIана язихълъиялъул унго-унгояб гIаламат. ЦIакъго мискинал чагIазул бирун букIунаан ридиги, картошкаги, цIамги жубан гьабураб. Дагьаб ресалда ругел чагIазул - бетарахьги (цо-цояз тIорахь), хIанги, ражи яги перги, пилпилги, цIамги жубан гьабураб.

Дол соназда гIемер рукIунаан росабалъе рачIунел гьалбал ва гьардухъаби. ГIемерисезул рес букIунароан гьезие гьоболлъи гьабизе. Гьединлъидал билълъараб гIадат букIана иргаялда гьобол къабул гьавулеб. Росулъ чIезабураб низамалда, гIелас, цIараки гьоркьоб биччачIого, иргаялда лъазабулаан «жакъа гьобол нужер вугилан». Гьоболасдаса инкар гьабурав чиясда тIад гIакIа къотIулаан, ва жамагIаталъ гьеб иш рогьолъун рикIкIунаан.

Аллагьасе рецц, жакъа нилъер лъималазда лъаларо, лъазе хъвангги батугеги «лъапи», «тIвалхIи», «бирун», «гьобол бугьи» гIадал рагIаби, ай мискинлъи-пакъирлъиялъул гIаламатал.

*Нури НУРИЕВ*

## КIвахI лъаларев, хIалхьи гьечIев



ГIахьвахъ районалъул ЦIолода росулъа МуртазагIалиев ГIабдулгIазим дида лъала цевегоялдаса нахъе. Советияб заманалда нижеца армиялда цадахъ хъулухъ гьабуна Алтай краялда. Гьенив гьес живго вихьизавуна къварарав, къвакIарав, кIвахI лъаларев гIолохъанчи хIисабалда. Гьеб хасият гьесулъ дагъабги щулалъун гурони, хадубккунги чучлъичIо. ВукIана районалъул депутатазул собраниялъул депутатлъун ва гьеб заманалда районалда гьев щвечIеб бакIги, дандчIвачIев хIакимги, кив речIчIунги гьес борхичIеб суалги гIемер хутIун батиларо.

ГьабсагIаталда гьес гIумру гьабулеб буго Семендер поселокалда. ГIадамазе ругел шартIазул рахъалъ гIемер беццизесеб хIал гIемер гьечIеб гьеб поселокалдаги гьесда хIалхьи лъаларо, гьеб дир иш гурин чIолев инсан гьев гуро. Хъулухъазда гьев гьечIо, амма гьесул хIаракаталдалъун чанго къотIнобе тIуна хьил, рачана токалъул мухъал, гьабуна рацIцIалъи цIуниялъул хIалтIаби. Гьеб кинабго лъала поселокалъул гIадамаздаги. Гьединлъидал, редакциялде битIун бачIараб гьаб кечIалда цадахъ, гьез гьесие загьир гьабулеб буго кIудияб баркала ва гьарулеб буго щулияб сахлъигун икъбал.

*ГIабаш ГIАБАШИЛОВ*

## ГIабдулгIазимиде

**Нужеда рагIанищ ЦIолода росу,**
**КъвакIараб ракIалъул**
**гIадамал ругеб.**
**РагIанищ гьениса**
**кумек цIикIкIарав,**
**ГIабдулгIазим абун бахIарчиясул.**
**Семендер поселок рагIун батила,**
**ХIакимзабацаги**
**жиб рехун тараб.**
**Гьенив вуго гьудул**
**ГIабдулгIазимги,**
**Халкъалъе даимго**
**жив вахъун чIарав.**
**Токалъул гIунгутIи**
**гIемер букIана,**
**ГIабдулгIазимица**
**гьабуна кумек.**
**Токалъул кварал цIан,**
**цIигьабуна мухъ,**
**ГIадамазул гIемер**
**баркала щвана.**
**Нухазул гIарзалги**
**цIикIкIун рукIана,**
**МуртазгIалиевас тIаде босана.**
**Гьанже нухги буго, токги даимго, -**
**Халкъалъул разилъи**
**бихьизе анищ.**
**Гьесие щулияб сахлъи гьарула,**
**Гьесие халатаб гIумру гьарула.**
**Даимаб дугIагун**
**бохун буго халкъ,**
**Халкъалъе гIоло мун**
**хIалтIун вукIиналъ.**

*МухIамад ГIИСАЕВ,*
*ГIанчихъ росу*

## 21 февраль – Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацӀазул къо

Дунялалда тӀад руго цӀакъго гӀемерал мацӀал. Цоцо баяназда рекъон, гьезул къадар бахуна 6 азаргоялде. Щибаб мацӀалъ бихьизабула миллатазул культура, гӀадатал. Жидерго рахьдал мацӀ лъалев чиясе бигьаго букӀуна чиярал лъазаризеги. 1999 соналдаса нахъе ЮНЕСКОялъул хӀаракаталдалъун 21 февраль лъазабун буго Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацӀалъул къолъун.

## ХАБАР

# Кваналаго



Радал лъимал кваналел рукӀана. Цо гъадаро столалдаса бортана. Гьелъул кескал лъугьана. Гьаракь бахъин гурони, кин гьеб бортарабали лъималазда лъалеб букӀинчӀо. Таняца гьикъана:

- Лъимал, лъица гъадаро бекараб?

- Дица бекичӀо, - ян абуна Коляца.

- Дицаги бекичӀо, - ян абуна Женяца.

- Дицаги, дицаги, дицаги, - ян киназго такрар гьабуна.

БагӀарлъунги яхъун, Катяца хӀакъирго абуна:

- Жибго бекун батилаха.

- Гьедин телин, гьанже расандизе а, - ян абуна Таняца.

Лъимал расандизе журана. Гъадаро беки кӀочон тана. Къаде кваназе заман щвана. Квералги чурун, киналго столалда нахъа гӀодор чӀана. Квен цебе бачӀана. Лъимал кваназе лъугьана.

- Диеги! – ян ахӀана Сашаца. – Дир гъадаро гьечӀо.

Киналго Сашахъ ралагьана: гьезеги гьечӀо гьесул гъадаро.

- Саша, дуца дагьалъ яхӀ гьабизе ккола, - ян абуна Таняца. – Радал нилъер цо гъадаро жибго бекун батидалха. БитӀун гьечӀищха, лъимал?

- БитӀун буго, - ян жаваб гьабуна гьезги.

- БитӀун гьечӀо, жибго гъадаро бекуларо. Гьеб тохлъукье дихъа бортун ана, - ян щакърахана Катя. Гьелъ жиндаго цебе букӀараб гъадаро Сашахъе бегьана. Киналго Катяхъ ралагьана. Гьей дагьайги багӀарлъана. Лъималаз пикру гьабуна гьанже Таняца тамихӀ гьабилилан Катяе.

Таня Катяда аскӀое ячӀана. Гьелъ ясалъул ботӀрода квер бахъана:

- Гьедин лъикӀ, Катя! Жалго гъадрул рекунгутӀгӀт лъикӀ! Гьелдасаги лъикӀ лъималаз гьереси бицунгутӀи.

*С. БАРУЗДИН*

## БАСНЯ

## КӀкӀараги гъалбацӀги

КӀкӀара гъалбацӀихъе боржун бачӀана ва абуна:

- Дуда мунго цӀакъ къуватабиланищ ккун бугеб? Йохъ, гьеб гьереси буго. Кинаб къуват букӀунеб дур? Малъаз хачан, гажаз тӀутӀун, багъула мун, гьедин бихьиналгун руччабиги рагъула.



Дун дудаса къуватаб буго, къватӀибе бахъа багъизе!

КӀкӀара зузудана ва гъалбацӀил гьумералда хӀенчезе лъугьана. ГъалбацӀ жиндирго гьумер хачазе, малъаз хъарс-хъарсун базе лъугьана, ахирги свакан гӀодоб ккана.

КӀкӀара бохуца холаго боржун ана. Хадуб гьеб хъанхъраялъ ккуна, нусиреч би цӀцӀузе лъугьана.

КӀкӀараялъ абуна:

- Къуватаб гъалбацӀ къезабуна, гьаб гьитӀинаб нусиречидаса холеб буго.

*Лев ТОЛСТОЙ*

## РАГӀИКЪОТӀ



**ГӀебеде:** 1. ГӀайиб. 3. ГьитӀинаб хъарчигъа. 7. Миналъул бутӀа. 8. Литературияб жанр. 9. Ясаз берцинлъиялъе бала… 14. Унсоколо районалъул росу. 16. Техникаялъе хӀажатаб нах. 17. Михъ-мегеж бижуларев чи. 18. Музыкалияб алат. 19. Рагъулаб блок.

**ГӀодобе:** 1. Херал чагӀи. 2. Бихьиназул ретӀел. 4. ЦӀияблак районалъул росу. 5. ШаргӀалъ гьукъараб къарз. 6. Польшаялъул гӀор. 10. Дагъистаналъул шагьар. 11. Гьалилаб культура. 12. Индиялъул гӀор. 13. СШАялъул административияб цолъи. 15. ЧчугӀа.

## ШАГӀИРЗАБАЗУЛ АСАРАЛ

## Щайдай?

ГӀазул хӀули рокъобе
Босулеб буго дица,
Огъохъатинибги лъун,
Лъалелщинахъе кьезе.
Гьеб дидаго лъачӀого,
Хъатиниб биун ана,
Берцинаб цӀвайил сурат
Лъел къатӀралъун лъугьана.
Гьанже ракӀ бухӀун буго,
Гьабулеб жо лъаларо,
Щибдай дихъан лъугьана
Гьелъие гӀолареб жо?

## Макьилъ хасел

Роол бакьулъ квачги хъван,
Унтана ГӀалиасхӀаб,
АскӀой ячӀун эбелалъ
Буго гьасда гьикъулеб:
- БагӀарараб дуниял,
Кида мунго квачарав?
БетӀер тӀаде борхана,
Гьимана эбелалъе:
-Дида макьилъ хасел чӀун,
Бихьараб доб сордоялъ.

*МухӀамад ГЪАЗИЕВ*

## ЛЪИМАЛАЗУЛ КӀАЛДИСАН

- Дуе щиб лъугьараб, кӀодоэбел? Дуца берал щай кӀвекӀулел?



- КӀвекӀичӀого щиб гьабилеб, дир яс. Гьал дир беразда канлъи бихьулеб гьечӀелъул гьанже.

- КӀодоэбел, кӀодоинсул кӀигониги бер бугогури. Гьесул цояб бер дуе кьеян гьарила дица досда, - янги абун, екерун ана яс.

* * *

ТӀоцебесеб классалде цӀализе школалде уней ясалъ жиндирго эбелалда абуна:

- Эбел, дуца мадугьалазул гьитӀинай яс нилъеего йичун йосе, дие яцлъун йикӀине. Нилъецаги кӀодоэбел кьела гьезие гӀарцухъ йичун, - илан.

* * *

- МухӀамад, гьале цӀалул четвертьги ахиралде щолеб буго, дуца абуни жеги кӀийилазул таблицацин лъазабичӀо, - ян абуна учителас цӀалдохъанасда.

- Учитель, лъабилазул таблица бицани, дуца дие «3» кьимат лъелищ?

- Валлагь лъелебха ункъилабцин.

- Гьедин щайха, учитель, дуца дида абичӀеб? Дица бачӀинахъего щуйилазул таблица лъазабилаан букӀараб, дуца дие «5» кьимат лъезе букӀине.

*Гьумер хӀадур гьабуна*
*ГӀайшат ХӀАЛАКЪОВАЛЪ.*

# Салам, гIагараб росу, гIумру дие къураб ракь



**Сайпула ГьитIинамухIамадов гьавуна 1949 соналда Шамил районалъул къелдерил Ругъелда росулъ. ГIагараб росулъ 8 класс лъугIидал, цIализе лъугьана Буйнакскиялъул медучилищеялде. Гьеб лъугIун хадув хIалтIана Ругъелда участковияб больницаялда фельдшерлъун, хадув районалъул централияб больницаялда хехаб кумекалъул отделениялда фельдшерлъун.**

**Берцинаб тIабигIаталъул, гьайбатал мугIрузул, гIедерал лъаразул КъелестIаналъул беричлъиялъ асир гьавурав Сайпулалъ гьитIинго бижана поэзиялде, шигIруялде, каламалде рокьи. Гьес заочно цIалун лъугIизабуна ДГУялъул филологияб факультет.**

**Сайпулал кучIдул рахъана «БагIараб Байрахъ», «БагIараб ЦIва» газетазда, «Гьудуллъи» журналалда ва ахIула кочIохъабаз.**

**Россиялъул Федерациялъул Хъвадарухъабазул союзалъул ва Журналистазул союзалъул член С. ГьитIинамухIамадовас къватIибе биччана лъабгониги кучIдузул тIехь – «Къелестан», «Къелдерил сверуда», «Къелдерил годекIан».**

**ТIахьазул цIараздасан бихьулеб буго Сайпулагьил гIагараб ракьалде бугеб цIикIкIараб рокьиги, гьелъул тIабигIаталде ва гIадамазде бугеб урхъиги.**

**С. ГьитIинамухIамадов ккола Кавказалъул хъвадарухъабазул клубалъул член, Сергей Есенинил меседил медалалъе мустахIикълъарав шагIир.**

**Сайпулагьида 75 сон тIубаялъул байрамги баркулаго, жакъа нижеца кьолел руго гьесул цо-цо цIиял кучIдул.**

## Эбел гьечIеб тIинчI гьечIо

Эбел гьечIеб хIинчI гьечIо,
Эбел гьечIеб тIинчI гьечIо,
ТIолго гIалам гIуцIарай,
ЧIужугIадан - мун, эбел.
РачIа жакъа хъат чIвазе,
ЧIаго ругел улбузе,
Гьез гIезе гьаруразул,
ГIадамал лъугьаралъухъ.
РачIа кучIдул ахIизе,
Кинидахъ гьез ахIидал,
Керен кьун ракъигин къеч,
Гьез къине гьабуралъухъ.
Сардал рорчIун, макьу тун,
Нилъ кьижизаруралъухъ,
Куркьбал нилъер гIезегIан,
Кодор ккун хьихьаралъухъ.
Карандаса тIуниги,
РекIедаса тIечIелъухъ,
ТIокIал гьелгIан урхъарал,
Нахъа чи рукIинчIелъул.
КIудиял нилъ гIуниги,
КIудиял ургъалабаз,
Аллагьасдаги гьардон,
Гьел хIалае чIаралъухъ.
Огь, улбул,нижер улбул,
Нуж цоцада релълъарал,
Лъимаздаса къиматаб,
Жавгьар-якъут батичIел.
Бокьилаан ракьалда
Нуж кидаго рукIине,
Бакараб нужер цIадухъ,
ЦIорой рещтIунгутIизе.

## Генерал Танкаев

МухIамад Танкаев, дур гIумруялъул
ГIураб мисал буго гIолохъабазе.
ГIурадаса лъелго Гъуниве хьвадун,
ГIелму цIалиялъе дур ракI цIараб куц.
Хадубги институт. Агроном вахъун,
Ахаз берцинлъизе росу гьабилин.
Амма улкаялда бугеб хIал бихьун,
Бокьун ккана дуе рагъулаб махщел.
Хисана институт. БихьинчIиясе
Борчизе рекъолин рачлихъ таманча.
Рагъул училище лъугIун хадуса
Лъабго къоялдасан байбихьана рагъ.
Мун вагъана рагъул кор боркьаралъув,
Бокьулеб гIагараб ВатIан цIунизе.
ЦIарги дуе щвана чарамавилан,
Чанги гьужумазда мун чучичIелъул.
Дулъ бессун букIана жеги гьитIинго,
Гьал къурабаз къураб кьваригун къвакIи.
Къоло щуго соналъ эркенлъи цIунун,
ЦIадулъ лъадарарав Шамилил мисал.
Я вухIизе вукIин, ахIуд лъаниги,
Лъиего къуркьичIев Хочбарил мисал.
Нус-нус магIарулаз гъазаватазулъ,
Хвалде данде арал васазул мисал.
Дур анищ букIана гIагараб улка,
Эркенлъун, тIадеги тIегьан бихьизе.
Рагъул захIмалъиги, гьелъул кьогIлъиги,
Лъидаго, кидаго бихьунгутIизе.
Рагъдаса хадубги лъай камиллъизе,
ЛъугIана рагъулал академиял.
Улкаялъ божилъи гьабуна дуде,
Дур бажари бихьун, дур гьунар бихьун.
Белоруссиялъул, Одессаялъул,
Рагъул округазул командирги мун.
Цинги Варшавалъул къотIи бугезул
Къадрувяв рагъулав вакиллъунги мун.
Мун гьаб районалъул халкъалъ вищарав
Нижер депутатин Верхсоветалде.
Нус-нус гIелмабазул доктор хIалтIулеб,
Рагъулаб институт дур нухмалъуда.
Дуй генераласул чиналда цадахъ,
Чан орден-шапакъат щвараб тIадеги.
Польшагун ГДР, венгераз, чехаз,
Чилъиялъул орден бачIищ каранда.
Дуе Дагъистанги, мун гIураб Гьидалъ,
ГIагарал рукIана тIолго гIумруялъ.
ТIадегIанлъиялъул дарсал малъарал,
Росдал харабазе хилиплъичIо мун.
Мун гурищ Освенцим концлагералъул,
Каву тIун асирал хвасар гьарурав.
Пачалихъалъ къураб тIадкъай тIубазе,
ВатIан тун, къватIивги хъулухъ гьабурав.
МагIарул генерал, чармил генерал?
Чучлъизе борчараб рачел биччачIев.
Бихьинчилъиялъул гIамал-хасият
ГIасрабаз хутIила мисал босизе.

## ТIагIунге мун, ритIухъльи

Кин бугеб мун, ритIухъльи,
ТIадчагIазе чияраб,
Чангиял духъ урхъараб,
Багьа гIемер къиматаб.
Къадру-къимат чиясул,
Мун сабаблъун борхулеб,
Бортун кодоса ани,
Киназего сурулеб.
Кин бугеб мун, ритIухъльи,
Гьабунин багьа гьечIеб,
Багьанаде цо-цояз
Рихьдае гIадин хIалеб.
ХIилла-рекIкIгун рекъечIеб,
Даимго къацандулел
Къей-бергьенлъи лъазегIан,
ЛъикIалан мех хIажатаб.
Дуе гIоло цо-цояз,
ЦIад гIарзабазулги хъван,
ГIемерал хIакимзаби
ТIад ургъизе тIамулеб,
ТIадбуссун жавабалъги,
Жеги жиб бергьинчIого,
Адвокатал, юристал
Гьорлъе рачине кколеб.
Цо-цоязе хирияб,
Цо-цоязе рихараб,
Нахъа рокъоб бахчунги,
КъватIибе загьирлъулеб,
Загьру гIадаб цоязе,
ГьоцIо гIадаб цоязе,
Гьаб гIаламго урхъизе
Аллагьасго рещтIараб.
Унго, мунги тIагIани,
ТIубан бесдаллъила ракь.
Рокьигун лъикIлъиялъе
Лъаларо бакI хутIилищ.
Мун тIагIунге, билуге,
Байрахълъун букIа нижей,
Дур тахиде рахарал,
Рохун гурел, гIодичIин.

## Салам, гIагараб росу

Салам, гIагараб росу, гIумру дие къураб ракь,
ГIаданлъи-намусалъул аслу дие щвараб бакI.
Къваридаб Къелеб кIкIалин цо-цояз абуниги,
РалъадгIанги гIатIидал, ракIал ругезул ВатIан.
ГIатIидал байдабаца, мун бечед гьечIониги,
Гьел кIочарал гьветI-рохьалъ,
берцинлъараб тIабигIат.
ТIогьал зодихъе арал, мугIрузул борхалъуда,
Бусдуз, чанил рехъабаз ханлъи гьабулеб тIалъи.
Къурул парсаз, гохI-щобаз гьарзаяб бугониги,
Гьуинал рохьил пихьил нахърател гIадинаб бакI.
Ахикьа нигIматазул заводал гьечIониги,
Гьел кIочарал даруял чIахIгин хурдузул гьамас.
Гьаниса бечелъарал бизнесменал рахьичIо,
Амма гьоболлъиялъе гьал руго олигархал.
Бергьараб гIелмуялъул, гIалимзабиги гьечIо,
ГIадан кIодо гьавулеб, гIелму буго щивасулъ.
Салам, гIагараб росу, гIадатияб жаниб халкъ,
Хирияб, аваданаб, эркенаб дир континент.
Киб бугеб гьаб гIадинаб,
чIухIи-къули гьечIеб халкъ,
КечI-хочIалъ куркьбал гъурал,
къурдиялъ «гьарс» ахIулел.

## Дун кинавдай?

Дун лъикIавдай,квешавдай,
Кинаб къимат дий кьелеб?
Кьварараавдай, согIавдай,
Сунца гIамал борцунеб?
Киназего лъикIавлъун
Лъугьинаревги лъала.
Цо-цоязе квешавги
Ватизе бегьула дун.
Ккараб захIмат борхизе
Къвариги кьваригIуна.
РитIухълъи чучлъулелъул
СогIлъиги хIажалъула.
Амма даим анищлъун
ЛъикIлъи букIине ккола,
Лъидасаго бахчараб
РитIухълъиги рекъола.

## Жакъа байрамкъо буго

Жакъа байрамкъо буго Къелдерил агьлуялъе
Къарахъа гьудулзаби гьанир сапаралъ щвараб,
РакIазулъ хинлъи буго, ханлъуда рохел буго,
Харбиде регIун гьечIо, кочIой гуреб нух гьечIо.
Нухазул свак лъаларо халатал сапаразда,
Хириял гьудулзаби рихьизе бугеб хьулаз.
Унтаби-ургъелазе замана батуларо,
Зодил нухлъун къокълъула къаралазе Къелеб нух.
Къо анагIан гIатIилъун, сон анагIан бечелъун,
Биччай нилъер гьудуллъи даим кибго рагIизе.
Ралъдалъ журалел гIадин, гIедерал нилъер гIорал,
Гьезул гIадаб цолъигун, нилъ вацлъиялда тезе.
Къелеб туманкI кьвагьизе, Къарахъ васал гьаригун,
Гьочоб жергьен кьабизе, гьаниб хьизан гIуцIигун,
ГIолел наслабазухъе васигат гIадин кьезе,
Къурабаз нугIлъи гьабун, гьабураб нилъер къотIи.
Район батIияб бугин батIалъичIого чIезе,
ГьотIол кIиябго гIаркьел цо кьолбодаса ругин.
Къварарал гIазул мугIруз рикьизе гьаруниги,
Риидал тIогьол цIолел цIала гьез жидехъего.
Зобги гIахьалаб нилъер, бакъги зодихъ цо нилъер,
Цоцадаса батIаго гьелъги хинлъи кьоларо.
РикьичIого церехун цо нухдаса ина нилъ,
Аллагьасго цоцазе вацаллъун рижараб халкъ.

## ЛЪАЛИЩ НУЖЕДА?

Цо гІакъилас абун буго: «Инсанасе битІараб къимат кьезе кІола кІиго жоялдалъун: щибго жо гьечІеб мискинаб, ресукъаб мехалда гьесул сабруялде, къохІехьеялде ва гьединго, кинабго жо бугеб мехалда, гьесул хьвада-чІвадиялде балагьун», - ян.

* * *

**МагІарул мацІалда моцІазул цІарал:**
Январь - Гьуразулъ.
Февраль - ТІинчІулъ.
Март - Гочарулъ.
Апрель - Иххазулъ.
Май - Рекьарулъ.
Июнь - БакъгІедулъ.
Июль - Чабхъадулъ.
Август - КъобухІилъ.
Сентябрь - Рецарулъ.
Октябрь - Лъилъарулъ.
Ноябрь - Раччарулъ.
Декабрь - Хъвехъадулъ.

Бихьулеб букІахъе, киналго моцІазул цІарал руго лъагІалил ункъабго заманалда гьарулел рукІарал хІалтІаби рихьизарулел.

* * *

2010 соналда, сордоялъ 70000 долларги кьун, Лихтенштейн улка ижараялъе босизе бегьулаан. Гьелда гьоркьобе бачунаан къираласулгун гьоркьоблъи, гара-чІвари, заманалъулаб валюта, къватІалда цІар хисизе рес ва хІатта улкаялъул кІулал.

* * *

Америкаялда гьечІо официалияб мацІ. Ингилис мацІ гьениб хІалтІизабула миллияб мацІ гІадин.

* * *

РатІалъун хадубги, Италиялда росас хьихьизе кколаан цее йикІарай лъади, хьизамалда гьелъул букІараб гІумруялъул даража гІодобе ккезе биччачІого.

* * *

Бищун тІибитІараб гьересилъун кколеб буго «кинабго лъикІ бугин» аби.

* * *

НекІсияб Грециялда, операция гьабулаго унтарав хвани, тохтурасул кверал къотІулаан.

* * *

ЛъикІ цІализелъун Китаялда учительзабаз цІалдохъабазе изну кьола 20 минуталъ классалда кьижизе.

* * *

Кутузул цересел квачІазда букІуна щущу килищ, нахъисел квачІазда - гІицІго ункъо килищ.

* * *

ХІутІазда (дождевые черви) букІуна ичІго ракІ.

***Нури НУРИЕВ***

## ЗИГАРА

«ХІакъикъат» газеталъул коллективалъ, бетІерав редакторасул заместитель **Пайзула Пайзулаевасда** ва гІага-божаразда зигара балеб буго, **яцалъул вас**, къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас иманалда тІовитІун ватаги, нахъе ругезе щулияб сахлъиги халатаб гІумруги, бихьараб хІехьезе сабруги кьеги.

## РагІикъотІ



**ГІебеде:** 1. Сундулъ букІаниги лъураб пикру-хІасил. 4. Москваялъул цо машгьураб къватІ. 7. Россиялъул областалъул центр. 10. Цо-цо пачалихъазул законал рахъулеб орган. 11. Пролетариаталъул вождь. 12. Теннис хІалеб спортивияб алат. 13. Литературияб асар. 16. Ургьимесалъул цо бутІа. 19. Борохь, гІункІкІ рахчулеб бакІ. 22. Инсанасул бечелъи. 23. Гьуърузул мащабазул унти. 24. Цебе букІараб хъвай-хъвагІай. 25. Франциялъул бищунго халатаб гІор. 26. ГІаракъидулъ букІунеб жо. 27. Берцинлъиялъе бахунеб релъен. 30. Географиялъул картабазул тІехь. 33. Къиматаб гамачІ. 36. Радиоприемникалъе, телевизоралъе хІажалъулеб тІагІел. 37. БоцІи-панзалъе гьабулеб хъулухъ. 38. Мароккоялъул тахшагьар. 39. Судалъул ишалъе божилъи гьабурав чи. 40. Бицатаб квар. 41. ЧІегІераб ралъдал рагІалда бугеб курорталъулаб шагьар.

**ГІодобе:** 1. Багьа хирияб металл. 2. МугІрузда букІунеб хІинчІ. 3. Сигаретазул тайпа. 4. ГІатІиракьалда гІи-боцІи кваналеб бакІ. 5. Хъачагъазул къокъа. 6. ЦІайиялъул роцен. 8. Гьобо хІалтІизабулеб алат. 9. Чехословакиялъул автомобилазул марка. 14. Хъван битІулеб кагъат. 15. Кепалъе гьабулеб калам. 17. Бихьизе тукада къайи лъолеб бакІ. 18. Росдал магІишаталъул транспорт. 19. НекІо бахІарчилъиялъухъ кьолеб букІараб орден. 20. Волгоградалъул футболалъул клубалда цІар. 21. ХІатІикь гІодоб тІамулеб турут. 28. Кинаб букІаниги идараялъул гІуцІи, ишал, ихтиярал чІезарулел къагІидаби. 29. БахІарчияб шагьар. 30. ТІолгосоюзияблъун букІараб пионеразул лагерь. 31. Хинал улкабазда бижулеб даруяб пихъ. 32. ЦІадаса ХІамзатил «Базалай» пьесаялъул гІахьалчІужу. 33. Ракьул гьумералъул кагътиде босараб сурат. 34. ХІурматалда рокъов къабул гьавулев чи. 35. Махщелчи.

*ГІуцІана ГІалиасхІаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,*
*ЧІарада район, Гьочоб росу*

**4-аб. номералда лъураб рагІикъотІалъе жавабал:**

**ГІебеде:** 1.Ришват. 4. ХІамам. 7. Сариси. 10. Унти. 11. Арфа. 12. Капрон. 13. Карат. 14. Макака. 15. Рама. 16. Омар. 17. Африка. 20. Талас. 23. Аминат. 26. Такъсир. 29. Барак. 31. Хьихьари. 34. Аскар. 35. ХъантІи. 36. Хулжал. 37. Багьана. 38. Лазат. 40. КІалцІи. 41. Арагви. 44. РатІал. 45. Лирика. 48. Балкан. 51. ГІазаб. 54. Карьер. 57. Айва. 58. Анжи. 59. Макъала. 60. Анаша. 61. Помада. 62. Напс. 63. Рагъи. 64. Напакъа. 65. Иваси. 66. Чинари.

**ГІодобе:** 1. Ракета. 2. Варани. 3. Тундра. 4. ХІикмат. 5. Маршал. 6. Матрос. 7. Самара. 8. Рекери. 9. Имамат. 18. Фара. 19. Кици. 21. Азбар. 22. Авлахъ. 24. МуцІи. 25. Асир. 27. КъулгІа. 28. Ралли. 29. Базар. 30. Канал. 31. Хьибил. 32. Акаси. 33. Идара. 39. Таргьа. 40. КІалгІа. 42. Раса. 43. Ваза. 46. Икра. 47. Купе. 48. Боцман. 49. Канада. 50. НагІана. 51. ГІабаси. 52. Зигара. 53. БагІари. 54. Кирпич. 55. Рузман. 56. Расалъи.

ХІАКЪИКЪАТ

**БетІерав редактор**
ХІАСАНОВ Темирхан МухІамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухІамадхІабиб МАХІАТІОВ

**Отделал: Информация, политика, гІелму ва лъай кьей**
Редактор: **Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГІалисултанова

**РухІияб хазина**
Редактор: **ПатІимат ГьитІинова**

**Адабият ва тарих**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магІишат**
Редактор: **ГІабаш ГІабашилов**
МухІамад Манапов

**Районазулгун бухьен**
Редактор: **ПатІимат МухІамаева**
ПатІимат СултІанмухІамадова

**ЦІалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГІайшат ХІалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухІамадкарим ХІамзаев
Мадина ХІажимаева
Хадижат Арчамова

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахІачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватІибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахІачхъала Пушкинил къватІ, 6
«ХІАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГІУЦІАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хІужабазул, тарихазул, балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гІахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагІалие)

Багьа 15 гъурущ

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана хадур рехсарал цІаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХІалтІулел чагІи», «БагІарал мугІрул», «МагІарул мискинзаби», «МагІарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагІарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагІараб байрахъ».